КъалэныщIэхэм хуэхьэзырщ

2-нэ нап.

НыбжьыщIэхэр трагъэгушхуэ

2-нэ нап.



«Ислъамым и нур»

3-нэ нап.

Зы топми очкощ къехь

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№130 (24.568) ● 2023 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 31, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

ГъащIэм щыщ мазищ

4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм къызэритамкIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм щыпсэухэм зэрызахуигъэзар

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Иужьрей махуэхэм ди нэгу щIокI КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къыщыхъу гуэвэгъуэшхуэр, зэпэщIэтыныгIэ ткIийм мин бжыгIэхэкIэ сабийхэр, бзылъхугIэхэр, жьакIэфэкIахэр зэрыхэкIуадэр.

Апхуэдэ гуэвэгъуэр, дауи, дэтхэнэ зыми дигу щIохьэ.

Нобэ Палестинэм и цIыхубэм дахуогузавэ, Газэ Секторым и цIыхубэм я щхьэ кърикIуа гуэвэгъуэр зыхьдощIэ. Республикэм и мэжджытхэм щызэхуэсхэр тхьэ хуолъэIу щхьэусыгъуэншэу кIудахэм. Зауэр икIэщIипIэкIэ ихухну догугъэ.

Ауэ, а щытыкIэр къагъэсэбэпу, сыт хуэдэ IэмалкIи Урысейм и лъэр щIэзэрыдыну хуейхэм куэд къагупсыс, цIыхухэр зраушэну, гъэпцIагъэкIэ зэпащIагъэвэну хуейуэ. Абы и щыхьэт нахуэщ Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм хуэгъэзауэ хамэ хуэдизкIэ щыщ экстремист къарухэм хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ къагъэIуэхэр. Дэ зэкъым абы дызэрырихьэлIар, икIи дыщыгъаззщ и Iуэхущ1экIэм, ахэр зэрызэщхьэ- щыкIыр я къарур здаунэт лъэныкъуэрщ.

Цыху къызэрыгуэкIым и гущIэгъуэм ириджэгуу, щыхьэт нэпцIхэр къагъэлъагъуэрэ къызэщIэгъэстакIуэхэм лъэпкъ, дин зэпэщIэувэныгъэхэр къагъэхъуну иужь итщ, цIыхухэр Iуэху мыхьумыщIэхэм трагъэгушхуэ.

Си хэкуэгъухэ!

Ди къэралым и тхыдэм лъабжьэ хуэхьур Iуцыгъэрщ, зэкъуэтыныгIэрщ, зэгурыIуэныгъэрщ. Ахэр лъапIэныгъэщхьуэу ди адэжьым къытхуагъэнащ дэ тхъумэу, къыдэкIуэтей щIэблэм еттын папщIэ.

Псори фыкъыхуэзощ кърахьажьэ Iуэху мыхъумыщIэхэм фыхэмыхьэну, зэрыхьэзрийрэ зэпэщIэувэныгъэрэ ди жылагъуэм къыхэзыльхьэну хуейхэм я жьIэм фыщIэмыцIувэну.

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм къызэритамкIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм щыпсэухэм зэрызахуигъэзар

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Иужьрей махуэхэм ди нэгу щIокI КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къыщыхъу гуэвэгъуэшхуэр, зэпэщIэтыныгIэ ткIийм мин бжыгIэхэкIэ сабийхэр, бзылъхугIэхэр, жьакIэфэкIахэр зэрыхэкIуадэр.

Апхуэдэ гуэвэгъуэр, дауи, дэтхэнэ зыми дигу щIохьэ.

Нобэ Палестинэм и цIыхубэм дахуогузавэ, Газэ Секторым и цIыхубэм я щхьэ кърикIуа гуэвэгъуэр зыхьдощIэ. Республикэм и мэжджытхэм щызэхуэсхэр тхьэ хуолъэIу щхьэусыгъуэншэу кIудахэм. Зауэр икIэщIипIэкIэ ихухну догугъэ.

Ауэ, а щытыкIэр къагъэсэбэпу, сыт хуэдэ IэмалкIи Урысейм и лъэр щIэзэрыдыну хуейхэм куэд къагупсыс, цIыхухэр зраушэну, гъэпцIагъэкIэ зэпащIагъэвэну хуейуэ. Абы и щыхьэт нахуэщ Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм хуэгъэзауэ хамэ хуэдизкIи щыщ экстремист къарухэм хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ къагъэIуэхэр. Дэ зэкъым абы дызэрырихьэлIар, икIи дыщыгъаззщ и Iуэхущ1экIэм, ахэр зэрызэщхьэ- щыкIыр я къарур здаунэт лъэныкъуэрщ.

Цыху къызэрыгуэкIым и гущIэгъуэм ириджэгуу, щыхьэт нэпцIхэр къагъэлъагъуэрэ къызэщIэгъэстакIуэхэм лъэпкъ, дин зэпэщIэувэныгъэхэр къагъэхъуну иужь итщ, цIыхухэр Iуэху мыхьумыщIэхэм трагъэгушхуэу.

Си хэкуэгъухэ!

Ди къэралым и тхыдэм лъабжьэ хуэхьур Iуцыгъэрщ, зэкъуэтыныгIэрщ, зэгурыIуэныгъэрщ. Ахэр лъапIэныгъэщхьуэу ди адэжьым къытхуагъэнащ дэ тхъумэу, къыдэкIуэтей щIэблэм еттын папщIэ.

Псори фыкъыхуэзощ кърахьажьэ Iуэху мыхъумыщIэхэм фыхэмыхьэну, зэрыхьэзрийрэ зэпэщIэувэныгъэрэ ди жылагъуэм къыхэзыльхьэну хуейхэм я жьIэм фыщIэмыцIувэну.

Шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр зыхэт зэIуэщIэ иригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм хабзэр къызэпызыуд Iуэхугъуэхэр къыщымыгъэхъуным.

IЭНАТIЭ щхьэхуэхэм щIыналъэм и цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIа лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI. Псом ящрауэ гупытIэ нэхъ хуащI цIыхущхуэ щызэхьхьэ щIипIэхэм, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ Iуэхущ1ап1эхэм, транспорт зэхьхьэпIэхэм, нэгъуэщIхэми.

Мы махуэхэм ди республикэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ щыIащ УФ-м Дзюдомкlэ и федерацэм и президент Соловейчик Сергейрэ «Кавказ Ищхьэрэ гъущI гъуэгуфхэр» зэгуфэныгъэм и унафэщI Задорин Сергейрэ. Абыхэм яхуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ХЬЭЩIЭХЭР хэтащ «Локомотив» физкультурэ-спорт зэгуфэныгъэм дзюдомкlэ иригъэкIуэкIа IX дунейпсо зэхьэзэхуэ зэIухам. Абы, хабзэ хъуауэ, илъэс къэс зэхуеушэс Урысей Федерацэм хьихь щIыналъэхэм, гъунэгъу къэралхэм къикI спортсмен миным щIигъу. Мыгъэрей зэхьэзэхуэр Налшык дэт «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ.

Ди щIыналъэм и пашэмрэ хьэщIэ Iэнатlэхэмрэ тепсэлъыхьащ спортым, дзюдом ди республикэм зэрызыщIэ, «Локомотив» спорт клубым и къудамэу щы Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ. Ахэр щыIэщ Налшык, Бахъсэн, Шэджэм къалэхэм. Дзюдом дихьэх щIалэгъуалэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ жыджэру хэтщ зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм икIи екъуIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьэ.

Республикэм и унафэщIым фIыщIэ яхуищащ Дзюдомкlэ федерацэм и пашэхэм, ди щIыналъэм и ныбжьыщIэхэр а спорт лIэужьыгъуэм зэрыдгъэзэхым папщIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Щ1алэгъуалэ Iэхухэмкlэ къэрал агентствэм и унафэщIым и къуэдзэ Фаттахов Дамир и гъусэу хэтащ Къэщкъэтау щIалэгъуалэ центр къыщыщыщIэIуах зэхьыхьэм.

ФИГУ къэдгъэкIыжьинщи, щIалэгъуалэ политикэм лъэныкъуэ куэдкIэ зегъэужьыныкIэ «ЩIалэгъуалэм я щIыналъэ» программэхэм я урысейпсо зэпеуэм ди республикэр зэрыхэтам ипкъ иткIэ яухуэн хуей центрищым ар и пэщIэдзэщ. Мы ильэсым и кIэ пщIондэ щIалэгъуалэ центрхэр къыщызэIуахьынущ Налшыки Нарткъали.

Iэхуущ1ап1эщIэм щекIуэкIкIащ яп1э зэхьхьэр - щIалэгъуалэм я щIыналъэ форум. Къатитlу зэтет унэр Къэщкъэтау жьлэм и кум хуэзэу яухуащ, абы къызэщIэубыдэ метр зэбгъуэзанатlэ 500-м щигъу. Центрыр кьыззгъэпэщащ Iэхуугъуэ зэхуэмыдэхэр сергейкIэжькIэн папщIэ зыхуэныкъуэ псомкIи.

КIуэкIуэ Казбекрэ Фаттахов Дамиррэ районым и щIалэгъуалэм епсэльащ, ныбжьыщIэхэр зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Iэхуми екъуIэныгъэхэр щIэнэу екъуэзыуащ. Апхуэдэу зэфIэкI лъагэ къэзыгъэльэгъуахэм щIалэгъуалэ Iэхухэмкlэ къэрал агентствэм и щIыхь тхыльхэр иратащ.

Республикэм и Iэтащхьэм центрыр зыщIа ухуакIуэхэм, абы и къызэгъэпэщыным зи гуащIэ хэзылъхьа псоми фIыщIэ яхуищащ, къэпэщыта къалэныр нэгъэсауэ зэрагъэзэщIам папщIэ.

Къэщкъэтау къыщызэIуах

Республикэм зыщрагъэужь

Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхукlэ иджыблагъэ хуэзащ Щ1алэгъуалэм я урысейпсо зэгуфэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ Фаттахов Дамир. КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щалэгъуалэм я Iуэхур зэрыщыдзкIым.

КIУЭКIУЭ Казбек зэрыжиIамкIэ, щалэгъуалэ политикэр къэралым иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я нэхъыщIэхэм ящыщщ. «Дэ зи щIалэгъуэхэм лъэныкъуэ куэдкIэ дадолажьэ, Президент Путин Владимир а унэтIныгъэмкIэ пщэрыльэ къытхуищIа къалэнхэр къыдыхэтынущу зэпэщIэувэныным дыхущIэкъуу. Апхуэдэу шэщIауэ дадолажьэ ЩIалэгъуалэ Iэхухэмкlэ федеральнэ агентствэмэ», - къыхиигъащащ КIуэкIуэ Казбек.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIалэгъуалэ политикэм къызэщIибыдэ унэтIныгъэхэр зэрыкIуэдыр. Абы къыхиигъащащ щIыналъэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхущ1ап1эхэмкlэ федеральнэ агентствэмрэ щIалэгъуалэ Iуэхуэсыгъуэ зэхуэхьуащ мазэ ипэкIэ Сербием и къалащхьэ Белград щекIуэкIа, балигъхэм я дунейпсо чемпионатым домбекъэ медаль къызэрыщихьар. Абы щыгъуэ ди командэм щыщу ди щIалэм ЩIалэ Iэмиз зыми зы медали къыхуэхьауэ щытакъым.

Мыдэкlэ зэIуущIэхэмкlэ къэдгъэззэжьащи, кIэух зэхьэзэхуэм и 8-нэ (1/8) Iыхьэм Гъунэмбэм къыпащIащ Польшэм и бэнакIуэ Гардзиолэ Адам икIи 9:0-у ари къыфIихьащ. Адэкlэ финалым и Iыхьэ пIанэм абы къыщыпэплъащ хорват бэнакIуэ Кодрик Карлэ, ауэ ари бжыгъэр 10:1-уэ хигъащIащ. КIэух зэпеуэм хэтын папщIэ адыгэ щIалэм кьеныкъуэкъун мурадкэр иIащ Украинэм и спортсмен Абдиев Руслан, ауэ абы и Iэхуми зыри къикIакъым - Гъунэмбэм, зэрыжаIэу, пхьэбгъу лъэгум хиупIащIащ бжыгъэр 11:0 -у.

КIэух зэпеуэм Iэуес кьыщыпэплъащ Тыркум щыщ бэнакIуэ Бербер Ал1ерен. Мыбдежьым зэIуущIэр нэхъ гуащIэу щекIуэкIащ. Ар икIи гуапIуэгъэшу - ахэр щыщ медалым щIэбэныр. Ди гуапэ зэрыхъущи, Гъунэмбэм ар зыIэщIикIакъым икIи тырку щIалэм 4:0-у текIуащ. Араущи, дыщэ медалыр и Iэрылъхьэу икIи ар абы зэрыкуэфащэм зыми щэч къытримыгъэхьажу Тэрч щIалэщIэм и Хэкум къеГъэзэж! Къеблэгъэж, адыгэлI, жьдоIэ!

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Зэраубзыхууэ толъэтыкI

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къуэхьлъатэ къытысыпIэр зэрылажьэ хабзэм тету мэлажьэ, рейсхэм, щIыхуэм, авиакомпаниеихэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщу.

ИДЖЫПСТУ ди аэропортым зы рейс закъуэ тельэтыкIыу арац, Москва кIуэуэ. Къалащхьэм и Шереметьевэ аэропортым сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 20-м къытолъэтыкIри, Налшык 13.45-м къыщотIыс.

Хамэ къэралхэм лъатэ щыIэкъым, щIэх къызэIуахынри я мурадкъм.

Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа усакIуэ, тхакIуэ, егъэджакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуэздджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ (1939 гъэ) Щоджэнщыкlу Алий къызэралъхурэ илъэси 123-рэ щIрикъум ирихьэлIэу, жэпуэгъуэм и 28-м щIыхуэр щызэхуэсат усакIуэшхуэм и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и пащIантIэм дэт и фэеплъым деж.

ПэкIум къыщыпсэльахэм къыхагъащащ Щоджэнщыкlу Алий ГъащIэ кIыхь къимыгъэщIами, купщIэ иIэу зэрыпсэуар, лъэпкъ литературэр зэригъбеяр, и щIэинэхэм щIэупщIэшхуэ зэраIэр. Къапщтэмэ, адыгэ литературэм и курых хъуа, усэбзэкIэ итха «Къамботрэ Лацэрэ» романыр адыгэ гъащIэм и щIэнгъуазэщ. Критикхэм къызэральытэмкIэ, ар лъэпкъыр зэрыгушхуэ тхыгъащ. Урыс усакIуэхэм я усэ гъэпсыкIэм яжь къыщIихуами, лъэпкъ усэ гъэпсыкIэр ихъужьмэн, абы зэригъэужьын хуэзфIэкIащ. Курыт еджапIэм адыгэбзэр щезыгъэдж Щоджэнщыкlум хьэрыпыбзэр, тыркубзэр, франджыбзэр, эсперантэр ищIэрт.

Щоджэнщыкlу Алий ядэIэпыкъуурэ, зэфIэкI зиIэ тхакIуэ куэд адыгэ литературэм къыхихьащ, КIыщокъуэ Алим, Щоджэнщыкlу Iэдэм, КIуащ БетIал жьIэмии. УсакIуэм адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Горький Максим сымэ я тхыгъэхэр.

Щоджэнщыкlум и цIэр зэрехьэ республикэм и уэрамхэм ящыщ зым, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. Абы и цIэр фIащащ Бобруйск къалэм и библиотекэм.

Щоджэнщыкlу Алий и фэеплъым уэ гъэтIахэр тралъхьащ. Налшык къалэм и куурыт еджапIэхэм я еджакIуэхэр абы и усэхэм къеджащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ.*

Зэрыгушхуэ усакIуэр ягу къагъэкIыж



Албанием и къалащхьэ Тиранэ бэнэкIэ хуитыныр алыдж-урым бэнэкIэмкIэ дуней псом пашэныгъэр къыщыхьыныным теухуауэ щIалэгъуалэм папщIэ иджыблагъэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту щыбэна адыгэ щIалэжьу Щэрий Иналбэчэ Гъуэныбэ Iэуесрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуфIэгъуэшхуэ къытхуахьащ.

АЛЫДЖ-УРЫМ бэнэкIэмкIэ зэпеуэхэр яп1э ирагъэщащи, абы къыхэкIыу Щэрий Иналбэчэ и зэIуущIэхэр яп1э иригъэжьащ. ЗэфIэкIыфIрэ Iэзагъэр спортым къыщыщIэгъэпагъуэ ди щIалэм къыпэщIэта и хьэрхуэрэгъуэр зэкIэлъыкIуэу тригъэкIуэтурэ кIэух зэпеуэм нэсащ. Килограмм 70 зи хьэпсэгъэ и деж щыбанэ Иналбэчэ абы щыхуэзащ Японием и бэнакIуэ Аояги Есиносуке икIи зэIуущIэм и бжыгъэр 9:3-уэ къыфIихьри, дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ. Иналбэчэ и тренерхэр Хьэщ1эмахуэ Анзоррэ Урыш Анзоррэщ.

Щэрийм и зэIуущIэхэр яп1э зэфIэкIати, зыхэта зэхьэзэхуэр зэриухыу абы и унэ къигъэзэжащ. Жэпуэгъэм и 27-м Щэрий Иналбэчэрэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь Зэкlуий Арсенрэ Налшык и къуэхьлъатэ тельэтыкIыпIэм деж къыщыгъэблагъэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIым и яп1э къуэдзэ Къэныжь МуIэд, КЪР-м спортымкIэ и министр ХьэсанэИслъам сымэ, республикэм и министерствэхэм, Iэхуущ1ап1эхэм я пэжьакIуэхэм, щIыпIэ Парламентым и депутатхэм, спортсменым и Iыхьлы-благъэхэм, ныбжьэгъуэхэм, спортым дихьэххэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хьэпсэгъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Тырку куэйми къахуихьащ жэпуэгъуэм и 28-м дунейпсо утыкум къыхьа Гъуэныбэ Iуес. Къыхэдгъэщыщи, адыгэ щIалэщIэм Урысей Федерацэм и командэ къыхам и капитан-ну и ныбжьэгъуэр зэпеуэм ишат. Апхуэдэ пщIэ Гъуэныбэм щIигъуэтам щхьэусыгъуэ хуэхьуащ мазэ ипэкIэ Сербием и къалащхьэ Белград щекIуэкIа, балигъхэм я дунейпсо чемпионатым домбекъэ медаль къызэрыщихьар. Абы щыгъуэ ди командэм щыщу ди щIалэм ЩIалэ Iэмиз зыми зы медали къыхуэхьауэ щытакъым.

Мыдэкlэ зэIуущIэхэмкlэ къэдгъэззэжьащи, кIэух зэхьэзэхуэм и 8-нэ (1/8) Iыхьэм Гъуэныбэм къыпащIащ Польшэм и бэнакIуэ Гардзиолэ Адам икIи 9:0-у ари къыфIихьащ. Адэкlэ финалым и Iыхьэ пIанэм абы къыщыпэплъащ хорват бэнакIуэ Кодрик Карлэ, ауэ ари бжыгъэр 10:1-уэ хигъащIащ. КIэух зэпеуэм хэтын папщIэ адыгэ щIалэм кьеныкъуэкъун мурадкэр иIащ Украинэм и спортсмен Абдиев Руслан, ауэ абы и Iэхуми зыри къикIакъым - Гъуэныбэм, зэрыжаIэу, пхьэбгъу лъэгум хиупIащIащ бжыгъэр 11:0 -у.

КIэух зэпеуэм Iэуес кьыщыпэплъащ Тыркум щыщ бэнакIуэ Бербер Ал1ерен. Мыбдежьым зэIуущIэр нэхъ гуащIэу щекIуэкIащ. Ар икIи гуапIуэгъэшу - ахэр щыщ медалым щIэбэныр. Ди гуапэ зэрыхъущи, Гъуэныбэм ар зыIэщIикIакъым икIи тырку щIалэм 4:0-у текIуащ. Араущи, дыщэ медалыр и Iэрылъхьэу икIи ар абы зэрыкуэфащэм зыми щэч къытримыгъэхьажу Тэрч щIалэщIэм и Хэкум къеГъэзэж! Къеблэгъэж, адыгэлI, жьдоIэ!

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Хъыбар гуапэ

Лъэпкъ щIыхьыр лъагэу зыIэта Щэрий Иналбэчрэ Гъуэныбэ Iэуесрэ

ЕтIуанэ гуфIэгъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым Тырку куэйми къахуихьащ жэпуэгъуэм и 28-м дунейпсо утыкум къыхьа Гъуэныбэ Iуес. Къыхэдгъэщыщи, адыгэ щIалэщIэм Урысей Федерацэм и командэ къыхам и капитан-ну и ныбжьэгъуэр зэпеуэм ишат. Апхуэдэ пщIэ Гъуэныбэм щIигъуэтам щхьэусыгъуэ хуэхьуащ мазэ ипэкIэ Сербием и къалащхьэ Белград щекIуэкIа, балигъхэм я дунейпсо чемпионатым домбекъэ медаль къызэрыщихьар. Абы щыгъуэ ди командэм щыщу ди щIалэм ЩIалэ Iэмиз зыми зы медали къыхуэхьауэ щытакъым.

Мыдэкlэ зэIуущIэхэмкlэ къэдгъэззэжьащи, кIэух зэхьэзэхуэм и 8-нэ (1/8) Iыхьэм Гъуэныбэм къыпащIащ Польшэм и бэнакIуэ Гардзиолэ Адам икIи 9:0-у ари къыфIихьащ. Адэкlэ финалым и Iыхьэ пIанэм абы къыщыпэплъащ хорват бэнакIуэ Кодрик Карлэ, ауэ ари бжыгъэр 10:1-уэ хигъащIащ. КIэух зэпеуэм хэтын папщIэ адыгэ щIалэм кьеныкъуэкъун мурадкэр иIащ Украинэм и спортсмен Абдиев Руслан, ауэ абы и Iэхуми зыри къикIакъым - Гъуэныбэм, зэрыжаIэу, пхьэбгъу лъэгум хиупIащIащ бжыгъэр 11:0 -у.

КIэух зэпеуэм Iэуес кьыщыпэплъащ Тыркум щыщ бэнакIуэ Бербер Ал1ерен. Мыбдежьым зэIуущIэр нэхъ гуащIэу щекIуэкIащ. Ар икIи гуапIуэгъэшу - ахэр щыщ медалым щIэбэныр. Ди гуапэ зэрыхъущи, Гъуэныбэм ар зыIэщIикIакъым икIи тырку щIалэм 4:0-у текIуащ. Араущи, дыщэ медалыр и Iэрылъхьэу икIи ар абы зэрыкуэфащэм зыми щэч къытримыгъэхьажу Тэрч щIалэщIэм и Хэкум къеГъэзэж! Къеблэгъэж, адыгэлI, жьдоIэ!

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Щэрийм и зэIуущIэхэр яп1э зэфIэкIати, абы къыхэкIыу Щэрий Иналбэчэ и зэIуущIэхэр зэриухыу абы и унэ къигъэзэжащ. Жэпуэгъэм и 27-м Щэрий Иналбэчэрэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь Зэкlуий Арсенрэ Налшык и къуэхьлъатэ тельэтыкIыпIэм деж къыщыгъэблагъэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIым и яп1э къуэдзэ Къэныжь МуIэд, КЪР-м спортымкIэ и министр ХьэсанэИслъам сымэ, республикэм и министерствэхэм, Iэхуущ1ап1эхэм я пэжьакIуэхэм, щIыпIэ Парламентым и депутатхэм, спортсменым и Iыхьлы-благъэхэм, ныбжьэгъуэхэм, спортым дихьэххэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хьэпсэгъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Тырку куэйми къахуихьащ жэпуэгъуэм и 28-м дунейпсо утыкум къыхьа Гъуэныбэ Iуес. Къыхэдгъэщыщи, адыгэ щIалэщIэм Урысей Федерацэм и командэ къыхам и капитан-ну и ныбжьэгъуэр зэпеуэм ишат. Апхуэдэ пщIэ Гъуэныбэм щIигъуэтам щхьэусыгъуэ хуэхьуащ мазэ ипэкIэ Сербием и къалащхьэ Белград щекIуэкIа, балигъхэм я дунейпсо чемпионатым домбекъэ медаль къызэрыщихьар. Абы щыгъуэ ди командэм щыщу ди щIалэм ЩIалэ Iэмиз зыми зы медали къыхуэхьауэ щытакъым.

Мыдэкlэ зэIуущIэхэмкlэ къэдгъэззэжьащи, кIэух зэхьэзэхуэм и 8-нэ (1/8) Iыхьэм Гъуэныбэм къыпащIащ Польшэм и бэнакIуэ Гардзиолэ Адам икIи 9:0-у ари къыфIихьащ. Адэкlэ финалым и Iыхьэ пIанэм абы къыщыпэплъащ хорват бэнакIуэ Кодрик Карлэ, ауэ ари бжыгъэр 10:1-уэ хигъащIащ. КIэух зэпеуэм хэтын папщIэ адыгэ щIалэм кьеныкъуэкъун мурадкэр иIащ Украинэм и спортсмен Абдиев Руслан, ауэ абы и Iэхуми зыри къикIакъым - Гъуэныбэм, зэрыжаIэу, пхьэбгъу лъэгум хиупIащIащ бжыгъэр 11:0 -у.

КIэух зэпеуэм Iэуес кьыщыпэплъащ Тыркум щыщ бэнакIуэ Бербер Ал1ерен. Мыбдежьым зэIуущIэр нэхъ гуащIэу щекIуэкIащ. Ар икIи гуапIуэгъэшу - ахэр щыщ медалым щIэбэныр. Ди гуапэ зэрыхъущи, Гъуэныбэм ар зыIэщIикIакъым икIи тырку щIалэм 4:0-у текIуащ. Араущи, дыщэ медалыр и Iэрылъхьэу икIи ар абы зэрыкуэфащэм зыми щэч къытримыгъэхьажу Тэрч щIалэщIэм и Хэкум къеГъэзэж! Къеблэгъэж, адыгэлI, жьдоIэ!

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

КъалэныщIэхэм хуэхьэзырщ

КъБР-м и хъэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхр хъумэнымкIэ уполномоченнэу щыIэ Афэщ Iыхь Юрэ иджыблагъэ хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм «Урысей Федерацэм хьэрычэтыщI лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ зыщегъэужьын: къалэнхэр, Iэмалхэр, хабзэхэмкIэ щIэгъэбыдэныр» Iуэхум теухуауэ щекIуэкIа парламент едэIуэныгъэхэм.

- УФ-м и Къэрал Думэм и спикер Володин Вячеслав нэхъыжьу щыщыса зэIуцIэр сыхьэти 4-кIэ екIуэкIащ. Абы хэтащ ищхъэрэ палатэм и фракцэхэмрэ комитетхэмрэ я унафэщIхэр, властым, Iуэху зезыхьэ гупхэм я лIыкIуэхэр, омбудсменхэр, - къеIуэтэж Афэщ Iыкьыр. - Хъэрычэтыщ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ хуащI гупхэр апхуэдизу ину къыщIэкIати, Iуэхум тепсэлъыхьыным хуэхьа пэшым щIэхуакъым къекIуэлIэхэм ящыщхэр, абы къыжIыщ зэIуцIэм щыкIэлъыплъын хуей хъуащ щIэмысу.

ИпэIуэкIэ мыбы зыхуэгъэхьэзырным хуэунэтIа лэжьыгъэ зэфIиитIэкIащ УФ-м и Къэрал Думэм Хъэрычэтыщ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымкIэ и комитету Демин Александр зи Iэтащхьэм. Абы къыхуэкIуат Iэнатlэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ къыхалъхьа жэрдэм куэд. Уполномоченнэхэм я закъуэ къабгъэдэкIащ 549-рэ.

КъБР-м и цIкIэ а зэхьыхьэм щыщIа1этащ Iуэху зыкъом: псэуныгъэмрэ щIалэгъуаралэмрэ екъэлIа хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм хэтхэм хуаутIыпщ грантхэм я инагъым хэгъэхьуэн, сэбэп хуэ финанс Iуэхущ1а1э мыинхэм зыщIагъэкъуэн, налогхэмкIэ хьатехуа щыхуэхэр щапшныжьыну пIалъэхэр гъэIэпэчъуэн, субсидиехэм зегъэубгъун, мыльхум тралъхьэ налогхэр ягъэмэщIэн, щIыналъэ экономикэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и Iэнатlэхэм инвестицэхэр хуаутIыпщыным трагъегушхуэн, Iэщ1ап1эхэм куууэ хэзыхьыкI лэжьакIуэхэр ягъэхьэзырын, «унагъуэ бизнес» жыхуаIэр хабзэкIэ щIэгъэбыдэн зэрыхуейм теухуауэ, нэгъуэщIхэри.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ Белоусов Андрей тепсэлъыхьауэ хьэрычэтыщ1э лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ я Iэнатlэм щыщыIэ щытыкIэмрэ абы теухуа къэрал политикэм и унэтIныгъэ нэхъыщIэхэмрэ.

Иужьрей илъэсищыр абы и дежкIэ егъэлеяуэ гугъуу щытащ: ящ къыщIихуащ ковид уз зэрыщIалэм къыща къыпэубыдынигъэхэм, санкцIэхэр къызэрыхуагъэувам, компание инхэм зэрапэщIэмытыфым. АрщхьэкIэ къэралыр къаэрыдэIэпыкIуэм и фIыгъэкIэ а лъэпощхьэпохэр къызэранэкIыфащ.

ЕхъулIэныгъэхэри щыIэщ. Псалъэм и хъэтыркIэ, Урысейм и Президент Путин Владимир зыужьныгъэм и лъэпкъ мурадхэр зрагъэхьулIэн папщIэ мы Iэнатlэм щыщIалъхьэхэр 2030 гъэм ирихьэлIэу щIыху мелуан 25-м нагъэсын хуейуэ къалэну къигъэувати, нобэм ирихьэлIэу а бжыгъэр мелуан 30-м нэсакIэщ.

Ди республикэм и гуупу пщIымэ, мыбы 2019 гъэм къыщыщIэдзауэ хъэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ щIипэрытхэм я бжыгъэм хуэди 2,7-кIэ щIихьэхуащ, зи щхьэ Iуэху зезыхуэхэр мин 66-м щыщIа гъуащ. ЩIыналъэм ВРП-м зыщIэIэт, промышленностымрэ мэкъумэщ1э Iэнатlэмрэ къатхэм къахьхьуэ, туристхэу къытхуэхуэхэр хуэдэ зыбжанэкIэ нэхъыбэ хъуащ.

АрщхьэкIэ парламент едэIуэныгъэхэм къыщыхагъэбелджьылыкIащ дызыхуэкIуэ илъэс зыбжанэм хьэрычэтыщI лэжьыгъэ мащIэм и щытыкIэм зыкъомкIэ зэрызихуэзыжьр. Ар къызыхэкIыр мы Iэнатlэр нэгъуэщI къэралхэм къыщыщIэхуэр гъэмэщIэным, технологие и лъэныкъуэкIэ ди щхьэ дыхущытыжьныр къызэгъэпэщыным хуэгъэза къалэнхэр гъэзэщIным нэхъри жыджэру зэрыхьихьэр.

Урысей экономикэр лэжьакIуэхэр зэрахуримыкъум егъэщIылIа гугъуехьхэм Iуэну къалъытэ. Абы къыхэкIыу мы Iэнатlэм егъэщIылIа цIыхухэм я бжыгъэм дяпэкIэ хэгъэхуэным теухуа Iуэхум апхуэдэу мыхьэнэшхуэ иIэжныгъэхьэ: зыхуэщIэкъунэр дэтхэнэ лэжьакIуэми нэхъыбэ зэфIигъэкIыным ехьэлIа Iуэху зэрауэнырщ.

ЕдэIуэныгъэхэм лъэныкъуэ кудэ къыщIэтащ, ауэ, нэхъапэми хуэдэу, мыхьэнэшхуэ яIэу къонэж щIалэгъуалэр дзэныхьэныу щытыкIэ мы Iэнатlэм щызэтеухуэным, хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ заужьныр къызэгъэпэщыным, ар экономикэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпса Iуэхущхэхэм хуэунэтIным ехьэлIа къалэнхэр.

Апхуэдэ мурадхэр зэгъэхьулIэным хуэгъэзащ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ дэIыгъеныр теухуауэ зэхалъхьэну я мурад лъэпкъ проектыщIэр. Ар щIэгъэкъуэн хуэхъун хуейщ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ уэзщIам и ильэситху егъэкIуэкIыным теухуауэ УФ-м и Президентым пщэрылъ къащищIар Гъэзэщ1эным.

Къызэхуэсахэр гулъытэшхуэ хуащIу едэIуащ. УФ-м и Президентым и деж Хъэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэм къащхьащхьыныжьмкIэ щыIэ Уполномоченнэ Титов Борис.

Абы къыхигъэщхьэхуащ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ езыгъэкIуэкIэм ящыщу IэмэпсымэхэР, машинэхэр, электроникэр, компьютерхэр, абыхэм еплъ нэгъуэщIхэр зыщIэхэр зы процентри зэрыримыкIыр. Титов Борис къеплъэ мы Iуэхум зегъэужьным нэхъ къаруушуэ ехьэлIэн хуейуэ.

ЗэIущIэм хэтахэм къащыгъупщакъым кIэлъыплъыныгъэ-къэпщытэныгъэ лэжьыгъэм щыщIэ щытыкIэри. Къэралыр кIэлъыплъыныгъэм теухуа законыщIэр къащта иужь Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зихъуэжащ. Сэбэп хуэщ мыбы къыщыхалъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр, къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIыжьыну хуит ямыщIыным ятеуухуа хабзэр. Абы къыдэкIуэу ягъэхьэзыращ хабзэ зыбжанэ къызэрызэпаудам къыхэкIыу хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм пэрытхэр административнэ жэуапым ирамышэлIэным теухуа хабзэуэбзыху проектыр.

АрщхьэкIэ щыжаIащ зи гугъу тщIы зэхъуэкIныгъэхэр МВД-м и Iуэхущ1апIэхэм зэралъэмыIэсар. ЗэIущIэм хэтахэм ахэр къыхураджащ Прокуратурэ нэхъыщхьэм, щIыналъэхэм я прокурорхэм щапхъэ къытрахыну. А Iэнатlэм и лIыкIуэхэр апхуэдэ жэрдэмым ещхьыпдэжжащ, мыльку зехьэным егъэщIылIа Iуэху къызэрыгуэкIхэмрэ щIэпхъаджэгъэхэмрэ гъэхуауэ зэщхьэщагъэкIыным хуэхалъхьэри.

- УФ-м и Къэрал Думэм щекIуэкIа парламент едэIуэныгъэхэм къагъэльэгъуащ властымрэ бизнесымрэ хьэрычэтыщI лэжьыгъэм и щхьэхуитныгъэр къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ зэкъуэгъэвэну зэрамурадыр, - жиIащ Афэщ1ым Юрий. - Абыхэм Iэмалыщ1эхэр къызэIуах. Дэ къалэнныщIэхэм дахуэхьэзырщ.

БИЩIО Майе.

Дунейм щыхъыбархэр

ТекIуэныгъэм хуэлажьэ бюджет

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм япэ еджэгъуэкIэ кьищтащ 2024 - 2026 гъэхэм я къэрал бюджетыр. ДызыхуэкIуэ илъэсым и бюджетым и къалэн нэхъыщхьэр Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам текIуэныгъэ къыщыхьыным«хуэлажьэныр».

УФ-м финансхэмкIэ и министр Силуанов Антон зэрыжиIамкIэ, я къару псори хуауэнэтIын хуейщ къэралым зыхъумэжыныгъэмкIэ иIэ зэфIэкIым хэгъэхуэным, дзэ Iуэху хэхам хэтхэр дэIыгъеныр. Абы къыхиубгъащ лъэпкъ зыхъумэжыныгъэм трагъэкIуэдзэну мылькур ком триллион 11-м зэрынэблагъэр икIи ар блэкIа илъэсхэм а Iуэхум хуэхаа ахъшэм нэхъри фIыуэ зэрынэхъыбэр. Къапщтэмэ, 2022 гъэм лъэпкъ зыхъумэжыныгъэм и Iэнатlэм хуаутIыпщауэ щытащ com триллиони 4,7-рэ, 2023 гъэм - com триллион 4,98-рэ. Араущи, иджы дзэ Iуэхухэм трагъэкIуэдзэну мылькум хуэдитIкIэ хэхъунущ.

- 2024 гъэм зыхъумэжыныгъэмкIэ Iэнатlэм хуэхэтха мылькур абы и ведомствэ псоми я лэжьыгъэм тещIыхьауэ дызэгъусэу дубзыхуащ, абы Iэмал къыдитынущ дзэ Iуэху хэхам къытхуигъэув къэралэнхэр нэгъэсауэ зэфIэхэтхыну, зауэлIхэр зыхуэнэжьыгъэ дзэдэпкъыныгъэ псомкIи зыхъумэжыгъэ пщыну, - жиIащ Силуанов Антон.

Зыхъумэжыныгъэр япэ ирагъэщ

Германием зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Писториус Борис «ZDF» нэмыцэ телеканалым ирита интервьюм щыжиIащ Европэм и щIыналъэхэм зауэ къыщыхьеинкIэ зэрыхъуным зэхуэгъэхьэзырын зэрыхуейр.

«ДЭ КЪЫДГУЫIУЭН хуейщ Европэм зауэ ящыщхъункIэ шынагъуэ зэрыщIэр. Германиер хуэхьэзыру щытыпхъэщ зэрызэхъумэжыным», - жиIащ абы.

Писториус Борис къыщырилъытэмкIэ, Украинэмрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ щIэ щытыкIэхэм яжь я къэралми къыщIихунущ. Абы щIыгъуэми ФРГ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым къыхихуэщащ Израильмрэ ХАМАС-мрэ я зэпэщIэтныгъэм нэхъри зимыужьыныгъэм зэрищIэнур.

НэхъапэкIэ абы жиIауэ щытащ къуэхэпIэ къэралхэм Украинэмрэ Израильмрэ ират дэIэпыкъуныгъэ и лъэныкъуэкIэ зэхэгъэж зэрыщымыIэр.

«Израильм зыхуейуэ къигъэувэжр зэкIэ мащIэ дыдэщ Украинэр зыхуэзыкъуэм, къыIэрыхьэ дэIэпыкъуныгъэм ельытауэ. Абы къыхэкIыну, къэралитым хуящIэн Iуэхуэр зэныкъуэкъу иджыпстукIэ щыIэкым», - жиIащ абы.

Жэпуэгъуэм и 31, *гъубж*

♦Тенджыз Фыщ1эм и дунейпсо махуэщ
♦Къалэхэм я дунейпсо махуэщ
♦Экономием и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм щIыIэ СИЗОхэмрэ тутнакъэщхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ
♦Урысейм щылажьэ IэпэтэрмэщI зэдзэкIакIуэм и махуэщ
♦1952 гъэм къалъхуащ УФ-м и къэрал лажьакIуэ, етIуанэ рангым и къэрал чэнджэщзэгъуэ щыта **Хъупсырокъуэ Назир (КърымДжэрий)**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 20, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 1, *бэрэжьей*

♦Урысей Федерацэм и Суд приставхэм я махуэщ
♦Урысейм менеджерым и махуэр щагъэлъапIэ
♦1922 гъэм Налшык парт школ къыщыдзэгъуахащ.
♦1936 гъэм Налшык Урыс къэрал драмэ театр къыщызэIуахащ.
♦1917 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубз усакIуэ, Ленин саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Кулиев Къайсын.**
♦1938 гъэм къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **Гуэбэщ1ыкI Жантемыр.**
♦1947 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыгушэ Хьэсэн.**
♦1966 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШР-м щIыхь зиIэ и экономист **Уэз Аслъэн.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18, жэщым градус 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iуэщ1ыгъэ

Къэмыфэфым пшынауэм трелъхьэ.

НыбжьыщIэхэр трагъэгушхуэ

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэр дапщэщи зызыужь, зэхъуэкIыныгъэщIэхэр щIэх-щIэхыурэ зыщIэхыхьхьэ унэтIныгъэщ. Апхуэдэу иджыблагъэ абы къыщыхалъхьащ курыт школырехьулIэныгъэфIэкIэ яIэу зэхъуэныжьыкIэ щагъэлъапIэ.

«ЕДЖЭНЫМ щызыIэрыгъэхьа ехьулIэныгъэ лъагэхэм папщIэ» медалым и етIуанэ нагъыщIэр дяпэкIэ иратынущ курыт школыр зэхъуэхэм ящыщу зи аттестатым «4»-уэ тIу фIэкIа имыхъэн, Iэнатlэм щыщ тIумкIэ (урысыбзэр хэту) балл 70 нэхъ мащIэ зыхъыхьфахэм.

Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм щымащIэкъым курыт школэр ащхуэдэ ехьулIэныгъэ лъагэкIэ къэзыхъ ныбжьыщIэхэу дыщэ медалхэр зыхуагъэфащэжр. Иджы, унафэщIр и лъабжьэу, абыхэм къагдэкIуэу, дыжьын медаль лъапIэхэри 2023 - 2024 гъэ еджэгъуэм и кIэухым иратынущ еджакIуэ нэхъыфI дыдэхэм зымащIэкIэ къакIэрыхуу еджэныр зэфIэзыхь школыкIуэхэми.

Шэч хэлъкъым - апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм ныбжьыщIэхэр нэхъри еджэным тригъэгушхуэну, щIэныгъэщIэхэр зэгъэгъэуэным нэхъ жан, жьыджэр хуэхъуу.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Экономикэ

ЗэIущIэ-гъэлъэгъуэныгъэм

Жэпуэгъуэм и 26 - 27-хэм Урысей Федерацэм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэмрэ Ставрополь крайм и Правительствэмрэ, Урысейм и индустрие паркым и зэгухьэныгъэм и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу, гъэлъэгъуныгъэ зэхуэмыдэхэр щагъэкIуэкI «Минводы ЭКСПО» центрышхуэм щызэхашащ дунейпсо зэIущIэрэ гъэлъэгъуэныгъэмрэ.

УФ-м и къэрал властым, бизнесым, финансым, политикэм хэтхэр яIущIащ нэгъуэщI къэралхэм къикIа лIыкIуэхэм икIи щагъэгъуэзащ Урысей Федерацэм и промышленнэ инфраструктурэм и зэхэлъыкIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIуэу зэIущIэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр Iэхъуэбэч Щамил, абы и къуэдзэ КIарэ Елдар, КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Бэждыгу Темыркъан, «КъБР-м зегъэужьыныныкIэ зэгухьэныгъэ» АО-м и унафэщI Чочаев Ахъмэт, «Бизнес-Инкубатор» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Бечелов Залым, «Мой бизнес»-м и щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэ Дудар Хьэдис сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар лъэныкъуэхэр зэпсалъэкIэрэ хамэ къэралхэм ящыщу ди промышленностым я мылъку къыхэзылъхьэну щыIэхэр Iуэхуэхэр зыIутым щыгъэгъуэзэнырщ, абы къыдэкIуэу, промышленнэ, технологие зэгухьэныгъэхэм къэралым зыщегъэужьынырщ, ар дунейпсо утыкум ишэн папщIэ лжьыпхъэхэрщ.

МахуитIым къириубыдэу зэIущIэм и программэм ипкъ иткIэ Iуэхугъуэ 20-м щIигъу ирагъэкIуэкIащ. ЩIыналъэхэм я унафэщIхэм, индустриальнэ паркэм я лIыкIуэхэм, экономикэ и лъэныкъуэкIэ хуэдэхьэ зиIэ щIыпIэхэмрэ зыужьныныгъэмкIэ институтымрэ инвесторхэм ирагъэлъэгъуащ я щIыналъэхэм, Iэнатlэхэм щаIэ зэфIэкIхэр, тепсэлъыхьащ хамэ къэралхэм промышленнэ продукцэхэр зэрырагъэшэну щыкIэхэм, къэралми, дуней псоми индустриальнэ зэпыщIэныгъэхэм зыщегъэужьа зэрыхъуным, абы щхьэкIэ щIапхъэхэм, нэгъуэщIхэми.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Ди псэлъэгъуэр

БАТЫРШИН Радик:

Дыззэрыщыгугъам нэхъэрэ нэхъыфIу къытхущIэкIащ!

«Мир» МТРК телеканалым и унафэщI Батыршин Радик ижьблагъэ кьыIаха интервьюм фыщыдогъэгъуазэ.

**- Радик, «Мир» телеканалым и юбилейр мыгувэу игъэлъапIэну зэхэсхащ. Ар дауэ? «Мир» телеканалыр илъэс 30 зэрырикъур. Абы къыдэкIуу, мы гъэм догъэлъапIэ «Мир» телеканалыр лэжьэн зэрыщIидзэрэ илъэс 30 зэрырикъур. Абы къыдэкIуу, мы гъэм догъэлъапIэ «Мир» радиостанцыр илъэс 30, «Мир 24» телеканалыр илъэси 10 зэрырикъур. Аращи, зэуэ щхьэусыгъуиц диIэщ, «Юбилей» псалъэр къыщIохьэгъэщи аращ. А зэдзэпкъэкIам и етIуанэ псалъэр - лъагэныгъэщ. Ар икIи тынщц. «Мир» телеканалымрэ «Iэныгъэ»-псалъэмрэ я мыхьэнэр зыщ. IэфIу дышхэну зэрытфIэфIыпу ди бренд-шеф Журкин Александр и «Будь, Готовы!» программэр зытеуухар. Классикэм дыщыгъуазэщ икIи урыс кинофильм фIыуэ долъагъу. «Мир» телеканалым и эфирым Белоголовцев Сергей махуэ къэс ар ягу кьыщегъэкIыж «Игра в кино» викторинэмкIэ. Щэхухэмрэ къуажэхьэмрэ зэрытфIэфIым и щIыхьэтщ дунейпсо чемпион Валуев Николай и «Исторический детектив» программэр. ЗэIуэзэщIыныгъэр тфIэфIыц икIи тхьэмахуэ къэс аращ зытедухуэр «Фазенда Лайф» программэр. Къыщыхэмыщ1ауэ, акъылыфIэкэм щхьэкIэ къызэдгъэпэщ «Миллион за 5 минут» нэтыным ахъшэ къыщ1ах.

- «Миллион за 5 минут» нэтыныщIэр зэуэ куэдым ягу дыхьащ. Абы къыкIуэхэм арэзы фытехуэрэ хьэмэрэ абы утепсэлъыхьыну идкъыри пас? «Мир» телеканалым ар дауэ зэрыщевгъэжьар?

- ЕкIуу едгъэжьащ, дызэрыщыгугъам нэхърэ нэхъыфIу къытхущIэкIащ. Телеканалым ику ину еплъхэм я бжыгъэм нэхърэ мы нэтыным еплъхэм я бжыгъэр нэхъыбэу къыщIэкIащ. А джэгур зыфIэгъэщIэгъэн телевизореплъхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хуэхуэ. СызэригуГъэмкIэ, дызыхуэкIуэ мазэхэм а телевикторинэм еплъхэм я бжыгъэмкIэ псоми япэ ищынущ. Къэбгъэлъагъуэмэ, «дунейпсо» мелуанырыбжь Пашков Алексей диIэщ. Ар Рязань къэрал университетым щоджэ. И ныбжьыр илъэс 22-рэ къудейщ зэрыхьур. Алексей нэтыныр езыгъэкIуэкIым и упщIэ псоми жэуап иритри, мелуаныр зрихьащ. Ар щIыжьыгъэраци, языныкъуэхэм Интернетым щатх ди телевикторинэм ущытекIуэну егъэкIуэну гугъуу. Ар къызэхъулIаи щыIэщ!

ЦIыхухэр телевизорым нэхъ щеплъэ зэманым нэхъыбэ тщIащ абыхэм яфIэфIхэр; акъылыфIагъэ, щIэныгъэ къыздэбгъэлъэгъуапхъэ викторинэхэм сыхьэти 5, щIэхэри нэхъапэIуэкIэ фIыуэ ялъэгъуаэхэри къызэщIи ущыбудэу идот. «Игра в кино» викторинэр япэу щыдгъэлъагъуэм телевизореплъхэм я процент 2,9-рэ къыдэтхъэхыфащ. Ар рекордыу къэпльытэ хъунущ. Махуэм къэдгъэлъагъуэ нэтынкIэм тепщIыхьымэ, «МИР» телеканалыр хохьэ телевизореплъхэр нэхъыбэу зэпльа каналитхум.

- «Мир», «Мир 24» телеканалхэм я хъыбарегъащIэ къэтыкIэр адрейхэм къаэрыщхьэщыкIыр гурыIуэгъуу. Фи эфирым укъэзыгъэуIэбжь нэтынхэр хэткъым, ахэр рейтингыр къэзыIэту щытми. ЩIыпIэ фиIэу дауэ фызэрыплъэхьэфр?

- Дэ езым тфIэгъэщIэгъуэнхэрщ зи гугъу тщIыр: Аркадаг къалэр Тыркуменистаным зэрыщаухуар, Узбекистаным бжьхуэц щэкI къызэрыщыщIагъэкIыр, Таджикистаным иц цIыхухэм я бжыгъэр мелуани 10-м зэрыщIэгъуар, Беларусым лъэпкъ стадион зэрыщащхуэр, нэгъуэщIхэри. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ цIыхухэр зэрыгъэнэжьыбжьагъуну, я гъунэгъухэм я псэукIэм, абыхэм гъэщIэгъуэну къыщыхьым зыщагъэгъуэзэну хуейщ. Араущ ди ехьулIэныгъэм и щхэр. Иужьрей илъэс 15-р къапщтэмэ, «Мир» телеканалым Урысейм щеплъэм я бжыгъэр 18-кIэ хэхуащ, Къэзахъстаным - 25-кIэ щыхэхуащ. Беларусымрэ Къэзахъстанымрэ нэхъ щIэупщIэ зиIэ телеканалхэр къапщтэмэ, «Мир» телеканалым етхуанэ увыпIэр щIыгъщ. Армениемрэ Къыргызстанымрэ ар щыхабжэ нэхъыфIу къалъытэ телеканалитщIым.

- «Мир» радиостанцыр СНГ-м хэт къэралхэм дауэ щыIурэ?

- ОIыуэ зэрыщыщIым и мызакъуэу, нэхъ ину щыIу хъуащ. Mediascope къэхутакIуэ Iуэхущ1апIэм къызэрилъытамкIэ, ижьырей илъэс ныкъуэм «Мир» радиостанцыр Урысейм и щыналъэхэм зэдаIуэ радиостанцхэм щыцIэпсу. Абы и бжыгъэр процент 36-рэ мэхъу. СНГ-м хэт къэралхэм «Мир» радиостанцым щедаIуэхэм я бжыгъэр процент 47-м щIигъащ. Армениеми иджыблагъэ щедаIуэ хъуащ. Урысейм Беларусымрэ щыхохьуэ ар щылажьэ къэралхэм я бжыгъэм. Къэзахъстаным радиор щыбгъэлажьэным теухуауэ щекIуэкI зэпеуэхэм «Мир»-р хэт хъуащ. Абы и лъэныкъуэкIи зэфIэдгъэкIащ лжьыгъэшхуэ. КъыдэдаIуэхэм ику ину я ныбжьыр илъэс 60 хуэмурэ, иджы ику ит ныбжьыр илъэс 35-м нэс къьхащ. Нэхъыбэр щIалэгъуалэр, унагъуэ зыхухуагъащIэ, сабий зиIэхущ. «Мир» радиор зэрыщIагъуэу зэдаIуэ радиостанц хъуащ, жьIенурамэ.

- Иджырей зэманым бжьгъэм тещIыхьа лэжьэкIэм пыща гугъуехьхэм, Интернетым фыкъызэрыщалъхьыу щIэхэр зэрахъуэжым дауэ пэщIэтыфрэ «Мир» телеканалыр?

- Япэрауэ, сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэри (ар зэ еплъыгъуэкIэ хэщIныгъуэу щытми) ехьулIэныгъащIэм и гугъуэгу, Iэмалыщ1эу къыдолъытэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, мы гъэм щIышылэм и кIэм YouTube каналым «Мир 24» ди каналыр зэхуищIащ. Апхуэдэ щхьэусыгъуэ щымыIами. Хабзэм дызэребжъуа нэтын къэдгъэлъагъуэтэкъым. Абы ирихьэлIэу щIыху мелуани 2-рэ 600-м Iэ щIадзат ди каналым. Абы щIыщу мелуанрэ ныкъуэм - ижьырей илъэсым. Абы ипэкIэ дегупсыгат видеохостингэмрэ социальнэ сайтэмрэ каналхэр къыщIэхъутхыну. Арати, къыдэплъхэр, къыдэдаIуэхэр тхьэмыкIуэдым, абыхэм я бжыгъэм хэдгъэхьэн папщIэ, канал щхьэхуэхэр къызэIутхащ хъыбарыщIэхэм, хабзэхэм, документальнэ Iуэхухэм хуэхтхэх. АкъылыфIэхэм яхуэдгъэхьэзыр викторинэхэри нэхъыбэ тщIащ, зэрыжьыгъуэ. Ди къэралым и платформэхэм нэхъ тыдогъащIэ. Апхуэдэщ ди контентхэр куэду щызэбгрыдгъэкIкIЕ, «VK Видео»-сервисхэр, RuTube-ми каналитхэ щыдиIэщ, хъыбарыщIэхэм деж щыщIэдзауэ СНГ-м и къэралхэм, Куржым зэрызыщыбгъэпсэхуным деж щыщIэкIыжь. Нэхъыщхьэраци, ди Iэ зэтедзауэ дыщыскъым, къэхъукъащIэ, зэхъуэкIныгъэщIэхэм дыпэплъэу. Мыгувэу дутIыпщынущ MIR24.TV портальщIэр. Абы зэуэ къыщыдгъэтхыщ «Мир» телеканалым и сайтымрэ (и программэмэрэ проектхэмрэ щыгъуу) «Мир 24» хъыбарегъащIэ порталымрэ (хъабарыщIэхэмрэ аналитикэмрэ). Ар гаджет зэмылIэужьыгъуэхэм - компьютеркIэ, ноутбукIэ, планшеткIэ, смартфонкIэ тынщу къэгъэсэбэпыным хуэщIауэ щытынущ. ЕтIанэгъэ ди порталыр эксситемэу къызэдгъэпщыну ди мурадщ, хъыбарыщIэхэм къадэкIуэу мыхьэнэ зиIэ сервисхэр, къапщтэмэ, СНГ-м и къэралхэм зыщыщIэгъэпсэхунхэм яхуэщхьэпэнхэр - маршрутхэр къызэрагъэтынум щыщIэдзауэ тур хъэзырхэр, билетхэр къызэращащхунр, СНГ-м и къэралхэм зэрыщыпсэурыгъэ къызэщIиубыдэу.

- «Мир» телерадиокомпанием дызыхуэкIуэ илъэси 10-м дауэ зэрыфIьагъуэр?

- Иджыпстуи частота лъагэм дытету долажьэ. ИлъэсищI дэкIмэ, 16 К жьхуэIэ частотам дынэсынущ, 4 К-р зэзыхуэхьэныным. Ар 7 Logic-м нэхъ мыпхъэ мащIэу, канал къабзэу щытынущ. Интерактивнэ Iэмалым дыхуэкIуэнущ. Къапщтэмэ, узэпль кином хэт актёрым и сыхьэтыр уигу ирихьмэ, интерактивнэ щхьэгъубжэм тепплIытIэу а сыхьэтыр къэпщэхуну Iэмал уиIэнущ. Араущи, ноби хуэдэу, къедаIуэхэмрэ къеплъхэмрэ фIыцу зыльъагъу, апхуэдэ льагъныгъэм зыхэзыщIэ «МИР» телеканалыр цIыхухэм гуапэу яхущытынущ.

Зыгъэхьэзырар **БЖЬЫХЪЭ Розэщ.**

Зэгъэзэхуэным и дунейпсо махуэ

1924 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м Италием и Милан къалэм щызэхашат Банкхэм я япэ дунейпсо конгресс. Абы щызэIущIат Щы Хъурейм тет къэралхэм ящыщу 29-м щыIэ ахъшэ хъумапIэ нэхъ инхэм я лIыкIуэхэр.

АХЪШЭ хъумапIэу къэрал куэдым щыIэжм я лжьакIуэхэм я япэ зэхуэсышхуэр пщIэ зыхуэщIыпхъэу къызэралъытам къыхэкIыу, абы хэтахэм къыхалъхьащ жэпуэгъуэм и 31-р Ахъшэ зэрэзэзэхуэкIэм и махуэу гъэувыпхъэу. АрщхьэкIэ, зи гугъу тщIы зэIущIэм хэта, Италием щыщ профессор Равиззэ (Ravizza) и жэрдэмкIэ, а махуэр абдеж дыдэм кIыщабжащ ЗэгъэзэхуэкIэм (Экономием) и дунейпсо махуэу (International Saving Day).

Ар гъэльэпIэн хуейуэ къыхэзыльхьахэм зэрыжаIамкIэ, мы махуэр зыхуэгъэзар ахъшэр тэмэму зэкIапльэкIуэн зэрыхуейм и закъыкъым, атIэ мы дунейм зэгъэзэхуэгъэхъу тет псоми: зэманми, цIыхум и зэфIэкIми, хьэпшыпхэми, псори дызэлъытэжа щыуэпсми, къэнэмыщI абы хуэдэу зыщыскъыпхъэ псоми яхуэсакъыпхъэу зэрыщытрэ къыхэгъэщыныгъ.

АрщхьэкIэ, зи гугъу тщIы махуэр, ООН-м зэригъэувауэ, ипэжыпIэкIэ къыщыздэщат 1989 гъэращ. Абдеж дыдэм щегъэжьауэ Экономием и дунейпсо махуэр къэрал куэдым гъэлъэпIэн щыщIадзари.

«Экономика» - мыр алыдж псалъэщ, къикIыу Тракъахуэри «унагъуэр тэмэму зехьэн» жьхуиIэрщ. А жьыкIэр япэ дыдэу къагъэсэбэпын щыщIадзауэ хуагъэфащэр ди эрэм ипэкIэ IV лIэщIыгъуэм икухэращ. Лъэхъэнэ жьыкъэхэм псэуахэмэ, тхыдэм къызэрыхэщыжьмкIэ, унагъуэр зехьэным, къедаIуэ лъэпсэр зыхуей хуэгъэзэным мыхьэнэ ин дыдэ ирату щытащ.

КъэхъыпIапхъэр араущи, Европэм щыщ къэралхэм ящыщу ящыныкъуэхэм я къалхэм дэт еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэгъэзэхуэгъэкIэм ехьэлIа дерс щхьэхуэхэр ди нобэми щрагъэкIыкI. Абыхэм, цIыхум ехьэлIауи щIыуэпсми пыщIауи, дыкъэзэкIуэрурейхь дунейм дызыщрихьэлIэ дэтхэнэ «хьугуэфIыгъуэри» зэгъэзэхуапхъэу зэрыщытым щIэблэщIэм я мызакъуэу, балигъэкIри къыщыхраджэ.

Урысей Федерацэр къэтщтэнщи, ЗэгъэзэхуэкIэм и дунейпсо махуэм гулъытэ хуащI зэрыщыкIуэрэ куэд щIакъым. АтIэми, мы зэманым дыззэриува щытыкIэр къэтлъытэмэ, зэгъэзэхуэкIэмрэ гъэтIылъыгъэхэр зэращI щыкIэмкIэ Iэмалхэмрэ къытедгъэзэжу щыщIдгъэгъуэзэным, нэхъ зыхуэзэфIэкIхэр ящыдгъанэрэ, цIыху къызэрыгъэкIхэм я дежкIи лейуэ къыщIэкIынкъым.

А Iуэхугъуэращ, УФ-м ФинансэмкIэ и министерствэм къыхилъхьа проектым хьэпсыр, ахъшэр зэрызгъэзэхуапхъэм теухуа дерсхэм щыщIагъэдэIу sberden.ru сайт къыщIызэрагъэпэщащ.

**КЪУ

КъурІэнми хьэдисхэми къыхощ

Налшык дэт Мэжджытышхуэм и Іимам Емкъуж Анзор «Палестинэм и лъапІагъыр» зыфІища хъутІбэм щытепсэлъыхьащ а щІыналъэм епха тхыдэмрэ абы и мыхьэнэмрэ.

«ГЪУЭГУ фытемыхьэ, мэжджыт лъапІищым фыкІуэн щхьэусыгъуэкІэ фІэкІа», - жиІауэ щытащ ЛыкІуэ лъапІэу щэлатрэ сэламрэ зэхам. Абы щыгъуэ ищІар, пІэрэуэ, Мэхмэд дэтыр, етІуанэу - Мадинэ къалэм щыІэ, БегъымбарлъапІэм и мэжджытыр, ещанэуи - Иерусалим е Іэл-Къудс дэт Іэл-Іакъсэрт. Палестинэм и щІыналъэ лъапІэм бегъымбарэр цІыху кІабзэу кІэд щыпсэуащ икІи щыщІахьыжащ. ЩІыкІэпсэуахэр ириІащ, лъэужь махуэкІэ къыщІанащ. Тхыдэм кІыхэна Іэзыгъуэ кІэд мыбдежьым щекІуэкІащ. Къемэт Мазуэр къэсын ипэкІэ къэхъуну гуэрхэри щекІуэкІыпхер абдежыр. Ар КъурІэн лъапІэмэ, фІыуэ тлъагъу ди БегъымбарІ лъапІэу щэлатрэ сэламрэ зэхам и хьэдисхэми кхьиущ. ЩІэныгъэлІ кІэдым зэрыжаІэмкІэ, мы щІыналъэм Палестинэм и пащхьэ апхуэдэ мыхьэнэшхуэ щІиІэм и щхьэусыгъуэ аращ. Ар зэрылъапІэр ящІэу, бегъымбархэм, щІыхуэхэм езыхэм я хэкуэр хуэІэм ебгъэпсэуну, Палестинэм Іэмалыгъуэ щытащ, абдежым тхьэ щелъэІуну, а щІыпІэ лъапІэм дунейм щехьажину щІэхьэуэпсу.

Нобэрей хьутІбэм зи гъащІэр Палестинэм епха, Алыхьталэм и пащІлІ лъагэхэм датепсэлъыхьыжу, абыхэм ислъам тхыдэм щаІэ мыхьэнэр дигу кІэдгъэкІыжу, щапхъэ зыхуэтщІын папщІэ.

Бегъымбарышхуэ Ибрэхьим - Хьалил («Алыхьым и ныбжьэгъу») цІэр езы Алыхьым кьритауэ КъурІэнми кьыщІокІыуэ. «Ибрэхьимыр ныбжьэгъу ищІащ», Абы и цІэм 49-рэ ущыхуоз КъурІэнми. Уеблэмэ ислъамым Алыхьталэр «Ибрэхьим и динкІэ» йоджэ. Гугъуехь кІэд хэтащ абы и гъащІэм, Алыхьым нэхъ гъунэгъу хуэзыщІа бэлыхь Іэджи ишэчащ. Ибрэхьим и лъагагъым и фІыгъэкІэ абы и щІэблэм бегъымбар кІэд къыхэкІащ, абы и кІуэ Исмэхьил къытехьэкІа, иужьрей бегъымбарэ къиГэкІуэ ди ЛыкІуэ Мухьэмэду щэлатрэ сэламрэ зэхари яхэту. Ибрэхьим илъэс кІэд Палестинэм щрихьэкІащ, и кхьащхьэр Іэл-Хьалил е Хьэброн кхьуэІа щІыпІэм щыІащ. Алыхьым арэзы зыхуэхъуи и щхьэгъусэ Сарэрэ и кІуэ икІи бегъымбар Исхьэкърэ я гъусэу а кІалэм зэрыдэсар хьэкъщІ. «Ибрэхьим и мэжджыт» жыхуаІэу зэщхьэгъусэхэм я кхъэлгъунжэр здэщыІар я щІыпІэрщ.

Ибрэхьим и кІуэ Исхьэкъ и адэм ещхьу бегъымбарэу щытащ, цІыхуэм Алыхьым зэрызакъуэр яхипщу. КъурІэн лъапІэр Исхьэкъ «Алыхьталэм и тыгъэкІэ» йоджэ. Исхьэкъи абы и щхьэгъусэми я кхъэлгъунэкэр «Ибрэхьим и мэжджытым» щІэтщ.

Екъуб бегъымбарэ Исхьэкъ и кІуэщ. КъурІэн лъапІэм абы и цІэр 16-рэ кхъыщхощ. Палестинэм дунейм кхъыщитехьэри, и гъащІэм и нахьыбэр абы щрихьэкІащ. Иужьрей илъэсхэм езымрэ и унагъуэмрэ Мысырым Іэпхъэжат, бегъымбару щыта и кІуэ Иусуф иригъэблагъэри, щыпІэжари ащІ. Аущ и хьэдэр Палестинэм яхьыжри, абы щыщІалъхьэжауэ щытащ езым и гукъыдэжкІэ. Екъубрэ абы и щхьэгъусэ Лиерэ я мащэкэри «Ибрэхьим и мэжджытым» жеубыдэ, арщхьэкІэ иужьрей эзманым екІуэкІ щытыкІэм ипкъ итиІэ, мусулманхэр абыхэм ябгъэдыхьэфыркъым. «Израиль» зыфІащауэ щытар кхъэхуриджэн папщІэ. Мусэ и хьэдэр Иерихоным милийкІэ пэІэщІэу, «Мусэ и щІыпІэм» деж щІэлъщ, Иерусалимым миль 12-кІэ пэжжьэгъэ журт къуным иту.

Йнус бегъымбарри Екъуб и щІэблэм щыщщ. КъурІэн лъапІэм абы «Бдзэжьейм и гъусэ» къыщыфІащащ, «Сахьибул Хьут», мыхьэнэкІэ: джейм е бдзэжьейм и гъусэ. Джейм иригъэхуу, абы и ныбэм зэманышхуэ зэрыщрихьэкІам папщІэщ ар къыщыфІащар. КъурІэн лъапІэм къыщокІуэ Йнус-бегъымбарыр бдзэжьейм и ныбэм зэрисым хуэдэу, Алыхьталэм елъІауэу зэрыщытар. «Ла иллахьэ илла Іэнтэ, субхьанэкэ, инни кунту миназзалимин», «Уэ фІэкІа Тхьэ щыІэкъым, Уэ псоми УахэІэтыкІащ, пэжращи, сэ лей зезыхьахэм сащыщу сыкъыщІэкІащ». Апхуэдэу нэгум кьыпхущІэмыгъэхъэ щытыкІэм зэритым хуэдэу, Йнус и фІэщхъэнугъэр къэтІэсхьакъым, Алыхьым и гущІэгъуэм щыгугъынми щигъэтакъым. Арати, и лъэІур Тхьэм зэхихри, Йнус (Зуннун цІэмкІи йоджэ) джейм къызыжьэдидзыжащ. Абы и кхъащхьэр Іэл-Хьалил милийкІэ пэІэщІэщ.

Даут бегъымбарри Палестинэм иса бегъымбар - махуэщ, Тхьэм и лыкІуэщ, зауэлІ щыпкъэщ. И лъэпкъым илъэс 40-кІэ и лыкІуэу щытащ Даут: илъэси 7-кІэ Іэл-Хьалил, илъэс 33-кІэ - Иерусалим тепщэгъуэр щиІыгъащ. Макъ дахэкІэ Тхьэр кхьихуэпсат Даут, игъащІэм зы цІыхуэм апхуэдэ имыІауэ. Забур, урысибзэкІэ - Псалтырь - тхьилъ лъапІэр кхъхуригъэхат. Даут абы кхъщеджэкІэ, псэущхьэхэми, бзухэми, бгыхэми Тхьэр игъэльапІэн щІадзэрт. Абы и кхъэлъахэр Иерусалим кьалэжьым пэмыжьжьэу, Синай бгым тету хуагъэфащащ.

Даут и кІуэ Сулеймэн бегъымбарми Алыхьталэм Іэзагъ кІэд кьритат, псалъэм папщІэ, псэущхьэхэмрэ жинэмрэ я бзэр кьыгурыуэрт. Абы унафэрэ лъэкІыныгъэу бгъэдэлъам хуэдиз зыми иІакъым. Сулеймэн лъапІэм хуэдиз Иерусалим, Муэзыкьым ипхъу Іэсият сымэ. Марйам и кхъащхьэри Иерусалим, Елеон бгым и лъапІэм деж щыт члисэм щІэльщ, Іэл-Іакъсэм пэмыжьжьэу.

Мухьэмэд Бегъымбару щэлатрэ сэламрэ зэхар. Алыхьым и ЛыкІуэ зэха Мухьэмэд лъапІэр жэщу Мэккэ ирахщ, Иерусалим якьри, бегъымбар псоми я Іммаму ягъуэуащ щытащ. Ар къыщыхьуар Іэл-Іакъсэ мэжджытыр. Ардыдэм ирахщ, уафэм драхьейри, Алыхьталэм епсэлъэн насипыр кхъыхуагъэфэщащ.

Щхьабэ хэхъ лъагэхэм яз Хьэтпаб и кІуэ Хьымэр и тетыгъэм Іэл-Къудс: е Иерусалим мусулманхэм я Іэмыщ1э кхьиауэ щытащ. Зауи бани хэмыту, мамыр гъуэгуКІ. Мы кьалэм щыпсэуащ сыт хуэдэ дин зезыхьэри, щхьэж ейм тетыжу. Мамыру зэдзэпсэуахэщ псори, зыгъэ кьращІэнкІэ мыгъэвзу. Абы теуэрауэ мыпхуэдэ хьыбар кьаІуэтэж. Алыхьым арэзы зыхуэхъуи Хьымэр Иерусалим дыхьа къудейуэ, абы щыпсэу духьэшхъэм чыристан хуэІуэхуэщІэхэр ирагъэлъагъуэ пэт, ззэныр кьэжджащ. Арати, чыристанхэм я нэхъыжьхэм хъалифым жриІащ и нэмэзыр а члисэ дыдэм щищІыну. АрщхьэкІэ Хьымэр идакъым. Мусулманхэм я тепщэм абы нэмэз щищІауэ зэгуэр зэхахьжмэ, ар зыІэрагъэхьэну уехьэжнкІи хъунущ, жиІэри. Члисэм и бжьыхьым мывэ дидзыхри, ар зытехуэм дех щищІащ нэмэз. А ІуэхумкІэ хъалифым кьигъэлъагъуэу арат нэгъуэщІ дин зезыхьэхэм пщІэ зэрахуищІар».

Мусулъмэн къэс и гум узу илъщ

**Жэпэугъуэм и пэм щІэрыщІэу къэхъеиежам теухуауэ Путин Владимир нэхъ убгъуауэ кьыщыпсэлъащ «Урысейм и гъэсныпхъэхэм я тхьэмахуэ» зэхуэсышхуэм. «Палестинэ Іэхур дэтхэнэ мусулъымэми и гум узу илъщ, кІэ зимыІэ залымыгъэ егъэлеям и щапхъэу. ГъащІэр апхуэдэу кьоКІуэкІ, мыбы щыщІидзар нобэкьым. Илъэс пщІы бжьыгъэ хуэауэ нэгум щІокІ гъунэ зимыІэ гущІэгъунщагъэр. Сыт ар апхуэдэу щІэхъуар? ИзраиІь кьэрал дохуэу щыжаІам щыгъуэ, занщІэу Палестинэ кьэралри ящхуэнукьым, - жиІащ Президентым. И щхьэ хуитыж Палестинэ кьэрал яухуэнхъэщ, Къуэкьпі Иерусалимыр и ХьалащхьэщІ. Ар Урысейм 1948 гъэ лъандэрэ жеІэ. Иджыпсту екІуэкІыр гуэзвэгъуэшхуэщ. Дэ кьыдгурыІуоуэ лъэныкъуитІри кьыздзрызэщІэплъар. Ауэ сыт хуэдиз гущІагъ а зэпэщІэтыныгъэм имыІэми, сабийхэм, щІыхубзхэр, зи ныбжь хэкІуэтахэр зэрыхьуклІэ пэІэщІэ щІын хуейщ лей къащытехьэ щІыпІэхэм.

Израильм зэрихьэ лейр залымыгъэу кьызэрилытэр кьэзыгъэнэІуэ зэгуэхьэныгъэхэм яхэтщ КъЬР-м и Мусулъмэнхэм я Іуэхущіапіэм, Кавказ Ищхьэрэм ис мусулъмэнхэм я ззэныгъэуІу советри.

«Дэ, Кавказ Ищхьэрэм и муфтийхэм, ООН-р кьыхуходжэ Палестинэм и щІыпхъэм пэлъэсгъэкІуэ иращыІэнэр къагъэувыІэну. ООН-м къабыл ищІауэ щыта, «Палестинэм и Іуэху гъэзэкІуэжьныкІэ» жеІэ. Резолюцэм кьощащта чанфэм ипкъ иткІэ, Палестинэ хэрагъэлыгъуэ яухуэнкІэ тфІэигъуэщ», - дыкъыщощ Джэ зэгуэхьэныгъэм цІыхубэм зэрызэхуигъэза псалъэІу Палестинэ цІыхубэм я дунейр икІэщІыпІэкІэ мамырыгъэм хуиІэну, дэри и гущІэгъуэм дыхимыныну.

Блыщхьэ псапэ

Дэтхэнэ лэжьыгъэри фІыуэ, фІы дыдэу, фІым я нэхъыфІыжу бгъэзащІэ зэрыкъуэр хэти ещІэ. Адыгэбзэри щыхьэту къоув щІыху къэс къалэн бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ зэриІэмкІэ. «ІэхъуэгъуэтегъэкІыу», «Іэпэдэгъэлэлу», «игу химыгъэхьэу», «зымышхьжынум и мэкъумэш щыкІэу» жытІэ хабзэщ арэзы дыкъэзымыщІ Іуэху щІэкІэм теухуауэ. Иджы а гупсысэр дэтхэнэ щІыху балигъми кьалэн къытщищІа нэмэзым едвгъэхьэлІэт. Щыи дакъикъитху фІэкІа зэхтемыкІуадэ фарэр къытохьэлъэ, адрейм - «иджыри сыт щыІэу пІэрэ, Аллахьталэм гъунэгъу зыхуэсщІын папщІэ» жеІэ. Мы тхыгъэри щІэдгъэхъэзырар ахэращ.

ЩІЭХ-ЩІЭХЪІУРЭ зи цІэ кьитІуэ дин еджагъэшхуэ Гъэзалий Іэбу Хьэмид «Тхьэмахуэ хьэс кьытезыгъаззэ нэмэзхэр» жеІэри тхыгъэ иІэщ. КъызэрыщІэкІымкІэ, тхьэмахуэм и зы махуэ кьэмынэу, псапэ нэмэз зыщІ1 щІыхуэхэри ещхьэлІа хьэдисхэри зэІэпах. Абыхэм щыгъуаз зытщІыри ди диным хуэтщІ пщІэм и нэщэнэу дывгъэгъэуви, дыкъебгъаджэт а тхыгъэм.

«Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Джабир кьИуэтэжа хьэдисым мыпхуэдэу кьыщокІуэ. «Блыщхьэ махуэм дыгъэм лъагэу зиІэта нэужь, «Фатихьэ» сурэр (Іэлъхьэмыр), Іэятуль курсийр, «Ихьлас» (Кьулъхуур), «Фэлэкъ», «Іэн-нас» сурэхэр (Кьул ІэгъуэитІыр) тІысыгъуэ кьэс теплъхьэурэ, псапэ нэмэзу рэкатитІ пщІымэ, сэлам пхыжа нэужь, уи гуэныхьхэр кьыпхуагъэгъуну пщІэнейрэ зэлэуат кьыхуэпхьмэ, уи гуэныхь псори Алыхьталэм кьыпхуигъэгъунущ», - дыкъыщоджэ Гъэзалий и тхыпІым.

Малик и кьуэ Іэнэси кьеІуэтэж: «Блыщхьэ махуэм Фатихьэмрэ Іэятуль Курсиймрэ трилъхьэрэу, зыгуэрым тІысыгъуэ 12 ищІмэ, итІанэ, нэмэзым ирихьа нэужь, 12-рэ Кьулъхуум кьеджэрэ и гуэныхьхэр кьыхуагъэгъуну 12-рэ Алыхьым елъэІумэ, абы и щІэр Кьемэт Мазуэм кьраІуэнущ: «Дэнэ щыІэ мыпхуэдэхэ ящІащ, мыпхуэдэм и кьуэ е и пхъур? КърекІуи Алыхьталэм хуигъэтІылъа и тыгъэр кьрещтэж абы». ЯпэщІыкІэ абы щыгъын мин кьратынущ. ИтІанэ и щхьэм тхэ кьыщхьэратІэгъэнущ. «Ихьэ жэнэтым!» - кьыжраІэнущ абы ижькьыкІ. Абдежым мелыІыч мин кьыщІепжьэнущ, дэтхэнэ зыми тыгъэ кьыхуэдихьу. Нур зэщІэлъдэм, кьыхэсщІыкІа сэрей (дворец) мин кьыззхикІыхьхуи, а мелыІычэр кьыбгъурытынущ».

«Пхъэр мафІэм зэрисым хуэдэ дыдэу, фыгъуэм цІыхум фІыуэ ищІар егъэкІуэдыж», - **жиІауэ къаІуэтэж ЛыкІуэ лъапІэу щэлатрэ сэламрэ зэхам. Адыгэ псалъэхэри абы поджэжж. «Хъуапсэ и псэ кІуэдкъым, фыгъуэр мыгъуэ мэхъу».**

ЛІы Іущым и жэуапыр

Іэбу Убайдуллахь жиІэжауэ ягъэхъыбарыж. Зыгуэрым щІибл зэпичащ, упщІибл кьуитын папщІэ, - кьыжраІащ махуэ гуэрым. КьыщІыхьэну хуит ищІащ.

- Уэ Алыхьталэм кьыббгъэдилъхьа щІэныгъэм сриІыхьуакІуэу сыкъэкІуащ, - жиІащ хьэщІэм. - Уафэм и гугъу кьыскъуащ. Абы нэхърэ нэхъ хьэлъэ щыІэ? ЩІылъэм нэхърэ нэхъ ин щыІэ? Мывэм нэхърэ нэхъ быдэр сыт? МафІэм нэхърэ сыт нэхъ пщІыр? Уаем нэхърэ сыт нэхъ щыІэ? Хьым нэхърэ сыт нэхъ бей? Зеиншэм нэхърэ хэт нэхъ кьаруунщэ?

ЛІы Іущым жэуап кьритащ.

- ЦІыху кІабзэм пщІы теплъхьэныр уафэм нэхърэ нэхъ хьэлъэщ (гуэныхьэ).

- Пэжыр щІылъэм нэхърэ нэхъ инщ.

- МащІэкІэ арэзы хьу щІылъэм и гур хьым нэхърэ нэхъ бейщ.

- Нэпсеярър мафІэм нэхърэ нэхъ гуащІэщ.

- ФІыуэ пльагъу цІыху гъунэгъум укъыгъэщІэхъуныр уаем нэхърэ нэхъ щІыІэщ.

- Алыхьыр зи фІэщ мыхъуи и гур мывэм нэхърэ нэхъ быдэщ.

- КъыщІагъэща бзэгуэхьэр зеиншэм нэхърэ нэхъ къаруунэщ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

Фыгъуэр мыгъуэ мэхъу

ЩІыкІэр зыхимыщІэжу, «диным и мэ Іэфыр къыщІимыхьэжу», захуэмрэ къуаншэмрэ пхэнжу кьыгурыІуэу зэрыхъунурщ. Сыту жыпІэмэ, япэ гъэныхьу Алыхьталэм игъэувар Іиблис Іэдэм зэрефыгъарщ.

Фыгъуэм уи тамакъыр щиубыдыкІмэ, Зыщумыгъэгъупщэ, Іиблис ар къобэкІ. ФыгъуэращІ абы Іэдэм и пащхьэм И напэр щІыщІэзытрихьижар.

Фыгъуэ пхэлъыну ухуэмеймэ, фІыщІэ пщІы зэпыту, фІыр кьыздикІыр пльагъуу ущытын хуейщ. ФІы гуэр къоуІарэ, ар кьызыбгъэдэкІам фІыщІэ хуумыщІмэ, уи гум фІыгъуэ жьлэ ирещІэ. Дин лэжьыгъэр зэрыщыту фІыщІэщ. «ФІыщІэр Алыхьым ейщ», - псалъэхэрщ махуэ къэс кьэдбж Іэлъхьэмым кьызэрыригъажьэр. Хьэрпыбзэр кьапщтэмэ, «фІэщхъуныгъэ зыхэмыль» мыхьэнэри «фІыщІэ зыхэмылъ» кьызэрыІуатэр зы псалъэщ: «кафир». ЦІыхуфІымрэ цІыху Іейм зэрызэхэдгъэкІри аракъэ: гу хьэлэлым дэри дригъуэнэу тфІэфщІ. ФІы зигу имыльым дыпэІэщІэмэ, нэхъ кьощІэ.

УэсятиплІрэ чэнджэщиплІрэ

Іэбу ТІалиб и кьуэ Алий зэрылЫкІыну уІэгъэр телъу, и кьуэ Хьэсэн кьыщхьэщыст, ГьыуэІ.

- Сыт щІэгъэр? - йоупщІ и кьуэм Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Алий.

- Дауэ сымыгъынрэ, ди адэ? Уи псэр хокІ, дунейр уобгынэ, ахърэтым уокІуэж.

Адэ гумащІэр кьэспалъэри жиІащ:

- Уэ, си щІалэ! Уэсятиплрэ чэнджэщиплрэ кьыпхуэгъанэри, абыхэм утетыфмэ, пщІам и зэран кьоКІыжькъым.

- Сыт хуэдэ ахэр, ди адэ? - щІэупщІащ Хьэсэн.

- Псом нэхърэ нэхъ бейр губзыгъэрщ. Делэм нэхърэ нэхъ тхьэмащІкІэ щыІэкъым. Закъуэныгъэм я нэхъ Іейр - къызыфІэщІыжьныщ. ЕкъулІэныгъэм я нэхъыфІыр - хьэл-щэн дахэщ.

- Ар уэсятиплІырщ, ди адэ, чэнджэщиплІыр-щэ?

- Акъыльныншэр умыгъэнныбжьэгъу. Сэбэп къыпхуэхъуну хуеиПэмк, абы и зэран кьоКІыжьнущ. ПщІыупси умыгъэныбжьэгъу. абы жьжьэр - гъунэгъу, гъунэгъур - жьжьэу кьыщохъу. ЦІыху быдэ умыгъэныбжьэгъу: абы умыщІэхъэу укьигъэпщІэжьнущ. ЦІыху мыхьэнэншэми зыщыдзей: абы щаикІэ уищэжынущ.

ЩэкІуэгъуэм и нэмэз щІыгъуэхэр

• Фи лъэІукІэ

	Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр кьыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1,	бэрэжьей	05:10	06:40	12:00	14:43	17:01	18:41
2,	махуэку	05:12	06:42	12:00	14:43	16:59	18:39
3,	мэрем	05:13	06:43	12:00	14:42	16:58	18:38
4,	щэбэт	05:14	06:44	12:00	14:41	16:57	18:37
5,	тхьэмахуэ	05:15	06:45	12:00	14:40	16:55	18:35
6,	блыщхьэ	05:17	06:47	12:00	14:39	16:54	18:34
7,	гъубж	05:18	06:48	12:00	14:38	16:53	18:33
8,	бэрэжьей	05:19	06:49	12:00	14:37	16:52	18:32
9,	махуэку	05:21	06:51	12:00	14:36	16:51	18:31
10,	мэрем	05:22	06:52	12:00	14:35	16:50	18:30
11,	щэбэт	05:23	06:53	12:00	14:34	16:48	18:28
12,	тхьэмахуэ	05:25	06:55	12:00	14:33	16:47	18:27
13,	блыщхьэ	05:26	06:56	12:00	14:32	16:46	18:26
14,	гъубж	05:27	06:57	12:00	14:32	16:45	18:25
15,	бэрэжьей	05:28	06:58	12:00	14:31	16:44	18:24
16,	махуэку	05:30	07:00	12:01	14:30	16:43	18:23
17,	мэрем	05:31	07:01	12:01	14:29	16:43	18:23
18,	щэбэт	05:32	07:02	12:01	14:29	16:42	18:22
19,	тхьэмахуэ	05:33	07:03	12:01	14:28	16:41	18:21
20,	блыщхьэ	05:35	07:05	12:01	14:27	16:40	18:20
21,	гъубж	05:36	07:06	12:02	14:27	16:39	18:19
22,	бэрэжьей	05:37	07:07	12:02	14:26	16:39	18:19
23,	махуэку	05:38	07:08	12:02	14:26	16:38	18:18
24,	мэрем	05:40	07:10	12:02	14:25	16:37	18:17
25,	щэбэт	05:41	07:11	12:03	14:25	16:37	18:17
26,	тхьэмахуэ	05:42	07:12	12:03	14:24	16:36	18:16
27,	блыщхьэ	05:43	07:13	12:03	14:24	16:36	18:16
28,	гъубж	05:44	07:14	12:04	14:23	16:35	18:15
29,	бэрэжьей	05:46	07:16	12:04	14:23	16:35	18:15
30,	махуэку	05:47	07:17	12:04	14:23	16:34	18:14

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусулъмэнхэм я Іуэхущіапіэм къыдитащ.

● Театр

Гъащ1эм щыщ мазищ

Сыт щыгъуэ цыхур цызэщ1эгупсысыжыр, ищ1ар хъуарэ мыхъуарэ зэпилъыту?! Мазищ фIэкIа псэуну къызыхуэмынэжа цыхуэм дауэ зихъуэжрэ и гъащ1эм? Сыт ищ1эн хуейуэ зыхуигъэувыр ажалыр къызылъэщ1ыхьам? Абы дауэ елъэрэ ар къэзыщ1а цыхухэр? А упщ1эхэм я жэуапыр къыхоущ «Гъащ1эм щыщ мазищ» спектаклым. Иджыблагъэ ар махуитIкIэ, жэпуэгъуэм и 26 - 27-хэм, Щ1ощ1эн1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэльэгъащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭР къызытращ1ыкIар лэпкъ драматургием хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщ1а, комедиограф, «адыгэ Мольер» цIэ лейр зыIыпащ Мамий Ержьб и пьесэращ. Блэкка лIэщ1ыгъуэм и 60 гъэхэм абы и Iэдакъэм къыщ1экIа мы тхыгъэм и купщIэр ди нобэми пэгъунэгъущ, ди щ1ыэкIэ-псэукIэр, зэхэтыкIэр кърич1ыгъэуэ.

Спектаклым и режиссёрыр УФ-мрэ Адыгэ Республикэмрэ я цIыхубэ артист, Абхъазым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кубаным щIыхь зиIэ я артист, куэдым я гум дихьауэ ди республикэм щагъэлъагъуэ «Псэлъыхьуэхэр» спектаклыр зыгъэувА Зыхьэ Заурбийщ. Илъ зидгъэщу кьхьэдгъэщынщи, иужьрей лэжьыгъэри, щэч хамылъу, абы кIэхьуIлIащ. Адыгеибгъэм кьрихьыу къэбэрдеибгъэрэ урысыбгъэкIэ (синхроным папщIэ) пьесэр зэзыдэзкIар «Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкIэ, жьлагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист Нэщ1эпыджэ Замирэщ.

Спектаклым къыщекIуэкIыр къызэрыгъэкIыу, махуэ кьэс тлъагъу гуэру зэ еллыгъэхкIэ къыщ1ыхьунуми, гъащ1эм кьыхаха лIыхъужьхэм я хьэл-щэнхэр зэрызэмыщ1ыхьым, я гупсысэкIэмрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ зэрызэтемыхуэм, ахэр зэрыхуа щ1ытыкIэм къызэрикIыфынум удихьэхыу ук1эпл1ъ.

Iуэхугъуэр псори зи хъуреягъкIэ къекIэрэхъуэкIыр цIыху жьIэзыфIэщ, гупщIанэ, мащIэуи щынэкъэрабгъэ Мэмэтщ. Зэгуэрым абы кьыжраIэ псэуну мазищ фIэкIа зэримыIэжри... абдеж щегъэжьауэ лIыхъужьым лIыгъэ къыпльыкоI, дуней псор зэтес ищIыну, фIы илэжьыну хуожьэ. АрщхэкIэ къыхуадэну ар мылъку зэзыльэфаIэу есахэм, ефэным дихьэхахэм е гъащ1эм и лъапIэныгъэр зыIэщ1эхуахэм?! Аращи, щхьэж и шыфэлIыфэм, и дуней тетыкIэм, и напэм зэрыгъэригъахуэм псори елъытащ. Спектаклым зэрыщ1ыжьащи, «мыIэрысэр тIыгъуамэ, езыр-езыру къыпохуж».

Мэмэт и ролыр сыт щыгъуи хуэдэу гукъинэу игъэзэщ1ащ Къардэн Заур. Спектаклым щ1ощ1эгу КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Мысост Вадим (Хьэмшакъ и ролыр егъэзащIэ), КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэ (Тамарэ), КъБР-мрэ ИР-мрэ щIыхь зиIэ я артист Хьэщэ Къанщобийрэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Бырэ Хьэсэн бийрэ (Хьэкъаруэ), Пащтыкъ Анфисэрэ ДыщэкI Рауятрэ (Минсурэ).

Зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым спектаклыр кьохъуIэныр абы «къызэрыщыгъасльэ» бзэми куэд зэрельытар. Пьесэр зи Iэдакъэ къыщ1экIар абы егугъащ, цIыхубэ гушыIэ дахэкIэ ар зэрыгъэнщIам къыдэкIуэри, анэдэлъхубзэ къулейкIэ тхащ, псалъэ щэрыгъэр куэду къыщыгъэсэбгъащ. Абыхэм, щэч хэмылъу, спектаклыр гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ ящI.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ.*

● УФСБ-м къет

Iулъхьэм фIым ухуишэркъым

Коррупцэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу, Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къызэпаудащ КъБР-м щыIэ МВД-м и следователу щытам зэрихьэ хабзэншагъэр. Абы шэч хуащI Iулъхьэ къыIихауэ.

НАIУЭ къызэрыхъуамкIэ, 2021 гъэм и фокIадэм ар зэлэжь уголовнэ Iуэхур зытеуэкIуэм ахъшэ кьритащ, и сэбэп хэлъу унафэ кьищтэн папщIэ.

Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм абы теухуа уголовнэ Iуэху кьиIэтащ УФ-м и УК и 259-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 8-кIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

АхъшэкIэ къызэгъэпэщыным пыщIат

Терроризмэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу, Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщIащ Бахъсэн районым щыпсэу Хьэмыкъуэ А.М, Хьэмыкъуэ Л.М. сымэ хабзэм зэребзкъуар - абыхэм щIэпхъаджагъэ Iуэху зезыхьэхэм ахъшэ хуаутIыпщу къыщIэкIащ.

ИПЩЭ округ дзэ судым и унафэ кьару зыгъэтам ипкъ иткIэ, къэдгъэпэгъуэхэр къуанщэу кьалъытащ УФ-м и УК-м 208-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 205.5-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 205.1 статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ.

Хьэмыкъуэ А.М. илъэс 18 трапльхащ икIи абы щыщу ялэ илъэси 4-р лъэхъуэщ1ым, адрей Iыхьэр ткIийуэ тезыгъэрыр щагъэзэкIуэж колониемкIэ щрихьэкIынущ, электрон е хъыбар-телекоммуникацэ сетхэр, абы «Интернетри» хыхьэу.

Хьэмыкъуэ Л.М. щIыхьэм илъэс 16-рэ мази 6-рэ щигъэкIуэнущ къызэрыгъэкI колониеми, илъэси 2-кIэ къиг1эсэбэпыну хуиткъым электрон е хъыбар-телекоммуникацэ сетхэр, абы «Интернетри» хыхьэу.

ПащIэ Бэчмырзэ теухуа тхылъыщIэ

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм «школ библиотекэ» сериемэ хэту, иджыблагъэ къыщыдэкIащ адыгэ усыгъэм и лъабжьэр зэгъэтIылъа ПащIэ Бэчмырзэ и тхыгъэхэр щ1ыззэхуэхьэсыжа, «Усэхэмрэ поэмэхэмрэ» тхылъыр.

УСАКIУЭР илъэси 170-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу ягъэхъэзыра къыдэкIыгъуэм зи бзэ щэрыуэмкIэ, дунейм еплъыкIэ куумкIэ, психологическэ, жылагъуэ гъащIэм щыдалъэгуэ лIыгъэ псэемыблэжьмкIэ цIэрыIуэ ПащIэ Бэчмырзэ и Iэдакъэщ1экIэр щ1эрыщIэу ди пащхьэ кьрелъхьэж. УсакIуэм и Iыхьлыхэмрэ и творчествэм елэжьа-хэмрэ евэнджэщ1ум, тхылъыр щагъэхьэзыра «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэхэм лъэкI къагъэнакъым усакIуэм и Iуэху зыхуейр хуэзауэ дунейм кьытрагъэхьэным папщIэ.

Адыгэбзэ кьабзэм хуэзэщ1ахэри, анэдэлъхубзэр зыджэри езыгъэджэхэри, бзэм и лэжьакIуэхэри, усыгъэр зи щIасэхэри, езы усакIуэр нэхъ гъунэгъуу зэзыгъэщ1ыхуну хуейхэри щыгуфIыкIынущ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и тыкуэным къыщыбгъэтыну тхылъыщIэм.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

● Жэрдэм зиIэхэр

«Усыгъэр къокIэрэхъуэкI»

«Жан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIащ «Усыгъэр къокIэрэхъуэкI» Iуэхум кърикIуэхэр къыщызэщIакъуэжа зэгуащI. 2018 гъэм ирагъэжьауэ щыта Iуэхум зиубгъуащ, куэд къызэщIиубыдэу.

Мы лэжьыгъэр диIыгъщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Ростелекомым. «Жан» зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Заринэ зэрыжиIэмкIэ, усыгъэм апхуэдэ Iуэхугъуэ епщIэкIын папщIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ар къыщызэбгъэпэщ щыпIэм псэр зэрыщыпсэхумрэ усэбзэр къызэгурыIуэ, абы и дунейм хуиту щыбауэхэр пшыхьым зэрыхэтыымрэ. Заринэ тепсэлъыхьыжащ мы Iэхум щыщу ижьрейуэ екIуэкIа фестивалым. Ар Абхъазым къыщызэрагъэпэщащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ лIыкIуэхэри хэту.

«Общество книголюбов» зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкарёвэ Наталье «Жан» зэгухьэныгъэм мы и лэжьыгъэр диIыгъщ, ар зэрырагъажьэр. Абы къыхигъэщащ усыгъэм теухуауэ республикэм щекIуэкI псоми мыр къаззэрыхэщыр.

- Усыгъэм и фIыпIэр утыку щIыныр, республикэм и усакIуэ нэхъыжьхэм я Iэдакъэщ1экIхэм иджырей щ1эблэр щыгъэгъуэзэнырэ, усакIуэ нэхъыжь щ1эхэми гулъытэ хуащIыныр - а псор къызэщ1эзыубыдэ Iуэхур къызэзыгъэпэщ1ахэм кьохъулIэ, - щ1ыжиIащ зэIуцIэм Наталье.

- Мы Iуэху дахэм сыхэтыну сэри си насып кьрихьэкIащ икIи Заринэ зэпымыууэ фIыщIэ хуэощ1 дзыхь къызэгъэзу сыкъызэрыригъэблэгъам папщIэ. Гупыр ныбжьэгъу дызэхэзыхъуащ, псоми зыхэтщIэ усэбзэкIэ хуиту дызэопсэльэф, зым и зэфIэкIхэр адрейм елъытэ! - жиIащ радио журналист Беслъэней Еленэ.

- Сэ псом нэхърэ сигу нэхъ дихьэр усэ пшыхьэм сытым дежи гуапэу укъэзыгъэуIабжь щ1эщыгъуагъ гуэр зэрахэлъырц. Лэжьыгъэми, гъащIэми, унагъуэми къыщыбгъэсэбэп гупсысэ гуэр къыхыбох Iэмал имыIэу. Сэ езым икъуэкI сфIэфщ1 адыгэбзэкIэ усэ сыкъеджэну, абы си псэр егъэнщ1. АтIэ, «Жаным» щыIу усэхэр къыхэщыпыкIащ, - къыхигъащ1ащ КъБР-м и телевидеенэм и журналист Джэду Сакинат.

«Жаным» хэтхэр ирипльэжащ мы гъэм хъриуубыдэу нэхъ щ1ыщIагъуэу ялэжьам, къапщытэжащ къайхьулIахэр, дялэкIэ ящIэнум теухуауэ яIэ мурадхэр ягъэбелджылащ.

ГЪУЭТ Синэ.

Зы топми очкоищ къехь

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - 1:0 (0:0). Налшык, «Спартак» стадионым. Жэпуэгъуэм и 29-м.

Судьяхэр: Новиков (Петрозаводск), Балдынов (Мэзкъу), Вакин А. (Мэзкъу).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, КIэдыкIуей, Моламусэ, Далиев, Березов, Хьэшыр, ХьэцIыкIу, (Жангуразов, 66), Топурие, Торосян, Селяев (ЛIуп, 66), Котов (Мэкъуауэ, 80).

«Биолог-Новокубанск»: Кучейкэ, Пириев, Ливаднов (Саркисов, 88), Моргунов, Борисов, Изосимов, Бальхъуэ, Коротков (Каргин, 75), Дудаев (Ляшенко, 80), Малыш, Миносян.

Топыр дигъэкIащ: ЛIупым, 70 - (1:0).

Дагъуэ къыхуащIащ: Топурие, Мэкъуауэм, Ливадновым, Дудаевым.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 29-м Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм я етIуанэ Iыхьэм ипкъ иткIэ и «Спартак-Налшыкым» и унэ къыщыригъэблэгъащ Краснодар краймрэ и командэ «Биолог-Новокубанск»-р.

Иджы зэхуэда командитIым зэдграгъэкIуэкIа иужьрей джэгугъуитхур хьэщIэхэм яхьат - я деж щыIэу щэнейрэ, ди деж щыкIуауэ - тIуанейрэ. Нобэрей зэIущIэми футболелпхъэм яфIэгъэщIэгъуэну хэлъар зыщ - «Спартак-Налшык»-м апхуэдэ щытыкIэр игъэзэкIуэжу текIуэныгъэр зыкIэхьн папщIэ къигъэльэгъуэну джэгугъуэр зыхуэдэнум еплъыну хуейт. Абы кIэльыплъыну стадионым къэкIуэ цIыху мащIэ тIэкIуми ар къэйхъулIащ, ауэ а текIуэныгъэр кьытхуэзыхьа топым дакъикъэ 70 хуэдизкIэ гъэплъэн хуей хъуахэщ.

КомандитIми зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэр ирагъэжьащ мыпIащIэу, топыр нэхъыбэу топджэгу губгъуэм и кум щаIыгъыу. «Спартак-Налшыкри» хэгъэрейхэри мызэ-мытIэу къызэпхрыкIащ, ауэ я гуащьэтетхэр къахэгъэскIакъым, апхуэдизкIэ топхэр щабэIуэтри.

Зэпеуэм и япэ Iыхьэм нэхъ уигу кьинэжьыну хэлъар ди командэм и гъащ1ухьэмэныкъуэ Топурие Тамаз ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ ежэкIыу хьащIэхэм я штрафнём зэрильэдарщ, ауэ лъэщу зэуа топыр кьыпэщIэта гъуащ1ухьэмэм текуэри Iулъеикlыжащ.

ЖьIпIэнурамэ, командитIыр арэзы хуэдэт зэIущIэр зэрытемыгъэкIуэуэ ирагъэхьыкIащ. Зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэми, етIуанэми гур къащIэзыубыдэ гуэр командэхэм къагъэльэгъуэкъым, угловой зыбжанэ кьратахэмрэ, езы футболистхэр зэ-тIэу зэрызэхэльэдэжамрэ нэмыщI.

Пэжщ, зэIущIэм и 60-нэ дакъикъэхэм дех хьэщIэхэм IэмалысфI дыдэ яIащ ди гъуэр кьащтэну, ауэ абы я щIалэр лъэщу зэуа топыр Къумыкъум IэкIуэльакIуэу гъуэм тригъэкIуэтащ.

Абы иужькIэ налшыкдэсхэм зыгуэрхэр къызэрагъэпэщ хуащ икIи 70-нэ дакъикъэр екIуэкIыу ЛIуп Исльам хэгъэрейхэм топ яхудигъэкIащ. Ар губгъуэм къызэрихьэрэ дакъикъиплI дэкIатэкъым абы щыгъуэ. ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм и 66-нэ дакъикъэр екIуэкIыу абы ихуэжащ Селяев Амырхэн.

Къызэрыхъуари мыпхуэдэущ: ди щIалэхэм топыр IэкIуэльакIуэу зэIэпахри ар ираташ Березов Давид. Ди гъащ1ухьэкъымэм адэкIэ топыр илъабжьэмкIэ къащ1ыхитащ «Биолог-Новокубанск»-м и гъащ1ухьэм дех щ1ыззхуэса ди щIалэхэм, ар тIэу лъэIэсыгъэкIэ Лlупым хьащIэхэм я гъащ1ухьэтет Кучейкэ Владислав и гъуэм худигъэкIащ, абы кьызэрригъэзэн зы Iэмали къыхуимыгъанэу.

Абы иужькIэ командэхэм къагъэльэгъуэ щ1ыIэкъым, зэIущIэри ихущ бжыгъэр 1:0-у. «Спартак-Налшыкми» «Биолог-Новокубанск» деж щIиа статистикэ мыхьэнэншэри къызэпиудащ.

Жэпуэгъуэм и 29-м Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэ бжыгъэхэмкIэ ихущ: - **«Алания-2»** - **«Динамо»** (Ставрополь) - **2:1**, **«Динамо-2»** - **«Севастополь»** - **0:0**.

Дагъыстаным и «Победа»-мрэ Дон Iус Ростов и СКА-мрэ щ1ызэдэжьагъар жэпуэгъуэм и 30-рд. Абыхэм я зэIущIэм къарикIуа бжыгъэхэр нобэрей таблицэм ихуакъым.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр ди щIалэхэм щрагъэкIуэкIынур щэкIуэгъуэм и 5-рд. А махуэм ди командэр щ1ыхьащ1энущ Дон Iус Ростов и СКА-м деж.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и ЕтIуанэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Севастополь»	3	1	2	0	11- 4	18
2. «Спартак-Налшык»	**3**	**2**	**1**	**0**	**12-8**	**17**
3. СКА	2	2	0	0	9-8	15
4. «Алания-2»	3	1	1	1	17-13	15
5. Биолог-Новокубанск	3	0	1	2	8-9	11
6. «Динамо-2» Мх.	3	1	1	1	10-11	10
7. «Победа»	2	0	1	1	12-18	7
8 «Динамо» Ст.	3	0	1	2	4-12	4

Ту зыльытапхъэ: *зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэм къыщ1ахьа очко бжыгъэхэри турнир таблицэм къыщыгъэльэгъуащ.*

Медаль псоми хуэдэ къыздахь

● Дзюдо

Осетие Ищхъэрэ - Аланием и къалащхьэ Владикавказ иджыблагъэ щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм я ныбжьыщIэхэм дзюдомкIэ я зэхьэзэхуэ. ЩIалэрэ ЗэкIэлъыкIуэ ныбжьыщIэ 35-рэ икIи зэпеуэм хъарзынэу зыкъыщагъэльэгъуащ.

Килограмм 73-рэ зи хьэльагъэхэм я деж щыбанэ Соблир Атмир зэхьэзэхуэм зэIущIэ щыригъэкIуэкIри, и хьэрхуэрэгъуу хъуам ятекIуащ икIи япэ увыпIэр иубыдащ. А щIалэр 2022 гъэм екIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм и чемпион хъуащ, ар и гъэсэнщ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер Ким Руслан.

Пщ1ыбий Амир дыщэ медалым нэсыным зы лъэбакъуэ фIэкIа къыхуэмынэжауэ кIэух зэIущIэр гуащIэу здригъэкIуэкIа хэгъэрей бэнакIуэ Кокоев Арсений иригъэхьащ. ЩIалэхэр щыбэнар килограмм 55-рэ зи хьэлъагъэхэм я дежщ.

Домбеякъ медалхэр зэпеуэм къыщахьащ Къынижь Тамерланрэ (кг 90), Глашев Жамболэтрэ (кг 100).

Зэхьэзэхуэм и кIэухэу Осетие Ищхъэрэ - Аланием спортымкIэ и министр Газзаев Юрий фIыщIэ тхылъ кьритащ УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Емкъуж Мухьэмэд, Урысей Федерацэм дзюдом зыщIегъэжьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищ1ым папщIэ.

ЩIэпхъаджагъэм и бийщ

«Къэбэрдей-Балъкъэрым терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щымыгъэIэн» КъБР-м и къэрал программэм ипкъ иткIэ «Террорым спортыр и бийщ» къыхуедэжьныгъэм щIэту дзюдомкIэ республикэ зэхьэзэхуэ Налшык къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтахэр 2010 гъэм къалъхуа ныбжьыщIэхэрщ икIи удэзыхьэхыу абыхэм ирагъэкIуэкIа зэпеуэхэм я хьэльагъэ елъытауэ щыбэна гупхэм япэ увыпIэр къыщащхьащ Гъуклакъуэ Темырлан, Молэ Арсен, БыгуэтIэхыр, Аскэр Тамерлан, Эндреев Ибрэхьим, Кьанкъул Идар, Тембот Алий, Ерчэн Тимур, КIыщ Аслъэн сымэ.

ЕтIуанэ хьуахащ Сапонов Данил, Борий Арсен, Тет Аскэр, Тенджыз Кьантемыр, Гъэтъыж Инал, Кьарэмырзэ Арсен, Къэбардэ Данил, Бырсекъуэ Тамерлан, Новик Сергей сымэ.

Мамхэгъ Елдар, Сокъур Самир, Хьущт Андемыркъан, Уэтэр Сультlан, Дыщэкl Темыркъан, Кьардэн Сультlан, Кьардэн Жамболэт, Алиев Исрэфил, Рыбаков Борис, Урым Аслъэн, Щоджэн Кьантемыр, Темыркъан Мансур, Мироненкэ Никитэ, Ут Аслъэн, Дыкъуэ Кьаирбэч, Калошин Дмитрий сымэ ещанэ хъуащ.

Зэхьэзэхуэм кьыщыкъжаныкIахэм я тренерхэр Иванов Дмитрий, Апхуд Андзор, Кup Эдуард, Шавраев Хьэнэфий, Тау Азэмэт, ГъуапльащIэ Астемыр, Марыщ Эдуард, Бунятов Али-Заде, Махуэ Олег, Ким Руслан, Емкъуж Рустам, Мырзэ Казбек, Соблир Рустам, Хьумарэ Марат сымэщ.

Зэхьэзэхуэр кьыззэщIэпэщащ езыгъэкIуэкIари Ныр Сеф и цIэр зезыхьэ, дзюдомкIэ Олимп джэгуэхэм хэтыфынуэр щагъасэу Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкIэ и министерствэм и деж щылажьэ еджапIэрщ.

Медалхэр, щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр республикэм спортымкIэ и министерствэм кьыбгъэдэкIащ.

ХЬЭЩIЫКЪУЭЙ Олег.

Редактор нэхъыщIхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Кьанкокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщIхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьэбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1эIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.617
Заказыр №2367

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхъа бжыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIепыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Мэлбахъуэ Анжелэ, Щоматхуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ схьыхьт 20-м, щытрадзар схьыхьт 20.00-рд.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.